ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№238 (21.896) ● 2010 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 18, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Красножан Ю. А. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етыным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Хэкум футболым зыщегъэжьыным езым и щхьэкІэ куэд зэрыхищІыхьам папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын **Красножан Юрий Анатолий и кІуэм** - «Спартак-Налшык» профессиональнэ футбол клубым и тренер нэхъыщхьэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 27-м
№155-УП

Зэхъуэхъу Р. М. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и дохутыр» цІэ льапІэр фІэщыным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Узыншагъэр хьумэным и Іэнатіэм папщІэ щІэныгъэ льагъэ зиІэ Іэщ1агъэлІэхэр гъэхьэзырыным къаруушхуэ зэрырихьэлІам и кІи и илъэс куэд ІьландэрэІ хьэлэлу зэрыльажьэм папщІэ, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и дохутыр» цІэ льапІэр фІэщ1ын **Зэхъуэхъу Руслан Махьсидэ и кІуэм** - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал Іуэхущ1апІэм и медицинэ факультетым и деканым, хирургиемкІэ кафедрэм и доцентым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м
№160-УП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм цІыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

ИДЖЫБЛАГЪЭ Москва къыщ1ыхьуа Іуэху гуауэхэм, тыкуэнхэр, автомашинэхэр зэрыщ1эхакІуэтам, зэрыщ1эрыкІам, цІыхухэр, къэралыр зэрыщ1ыгъуэ ягъэпІейтеящ. Хьэльащ апхуэдэ кІэуагъэ Іуэхухэр ди Хэку иным и щ1ыхьэрыи и утыкум зэрыщегъэкІуэкІыр.

ЦІыхухэм хьыбар езыгъащІэ Іэнатіэхэм къэхъуар къаззэрыщ1ыхуар зыкІи зэтемыхуэзу кІаІуатэ. ЖаІэ икІи ятх ар нэхъыщхьэу зи Іэуэныр коррупцэр, хабзэншагъэр, милицэмрэ къулькІыщІэхэмрэ зэрахьэ залымыгъэр, щ1эныбжьагъэ зыІэжьхьэм жэуап зэрамыхьыр, нэгъуэщІ мызахуагъэ Іуэху куэдхэр къэралым зэрыщ1эхащ1ыхьыр араУэ.

Абы пэж гуэрхэр хэльу къыщІэкІынщ. Арщхьэкіэ а зи гугъу тщІы ныкъуасныгъэхэр эшхьэжку нэхьапэкІи щ1ыщ. Гуауэкіэ иуха зэпэщІэуэбэныгъэхэри къхъуащ.

Манеж утым къыщ1ыхьуар лъэпкъхэмрэ динхэмрэ я зэхущ1ыкІэхэр зэщІагъэпльэным хуэунэтІауэ хуабжьу егугъуу зэхалхьэу зэхащ1ыхьа хьэгъэщагъэщ; ИкІэм-иІэжьым ар хуэгъьэзащ къэралыр, абы и конституцэ лъабжьэхэр махэ щ1ыным.

Къыдольытэ щІэпхьаджагъэ зыльэкь дэтхэнэми хабзэм и пащхьам жэуап щихьын хуейуэ, Дэ дызэреплъмкІэ, цІыхубэ информацэм и Іэнатіэхэм, хабзэхьумэ Іуэхущ1апІэхэм трагъэщІэн хуейкъым жылагъуэм дежкІэ шынагъуэ зыпылъ Іуэху зылэжьар зыщ1ыщ лъэпкыр къэгъэльэгъуэным.

Зыми зыщІигъэгъупщэ хьунукъым Урысейр лъэпкъ куэд щ1ыпсэу, дин куэд зэдэщІэ къэралу зэрыщ1ыр. Дэ псори абы дрицІыхущ. Сыт щ1агъуи дригушхуащ икІи дрогушхуэ а Іуэхум. ДызэпэщІэзэгъуэнэу, дызэкІэщІэзэуныну, уголовнэ щІэпхьаджагъэхэр лъэпкъхэм яку къыдэхъуэ зэпэщІэуэнныгъэхэу къыщІэзыгъэдзыну хущІэкъу псоми яІэр зы мурадщ. Ар хуэгъэзащ политикэ хуэхэмрэ жылагъуэ ґъащІэмрэ къагъэтІэсхьэным, дызэгуагъэкІыным, дызэгурымІыуэж дащІыным. Дызэгъусэмэщ дэ лъэщу, кІуелІуэ икІи насыпыфІэу дыщ1ыщ1ыфІынур. Аращ националист хуэмэбжьымэ ныбжьыщІэхэу хьиІм икІахэм тхІийуэ дапэщІэувэн, апхуэдэ гуп дэтхэнэри едудыхьи щ1ыхуейр.

Республикэм и Іуэхущ1апІэхэм, псом папэу зэрыщ1ыхьхэм, зыіфхудоГаазэ: дэнэ фыщ1ымэ, щ1ы зыхэмгъэль, губзыгъагъэ къыщ1ынтъэльагъэ, псори дызэдэпсэун зэрызуейм теухуа хабзэхэм фытет, хьэгъэщагъэ зезыхьэхэм зыкъебмвигъэгъапцІэ, ди адэхэм, ди адэшхуэхэм къытхальхьа хьэл-щэныфІкъэм фахуэпэж, щ1ащ1ахуэ Къэбэрдей-Балькъэрым и щ1ыхьыр фхъумэ, псоми ди зэхуэдэ Хэкум - Урысей Федерацэм - мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ щ1ыпэм фытелажьэ.

Красножан Юрий Анатолий и кІуэм - «Спартак-Налшык» профессиональнэ футбол клубым и тренер нэхъыщхьэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 27-м
№155-УП

Зэхъуэхъу Р. М. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и дохутыр» цІэ льапІэр фІэщ1ыным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Узыншагъэр хьумэным и Іэнатіэм папщІэ щІэныгъэ льагъэ зиІэ Іэщ1агъэлІэхэр гъэхьэзырыным къаруушхуэ зэрырихьэлІам и кІи и илъэс куэд ІьландэрэІ хьэлэлу зэрыльажьэм папщІэ, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и дохутыр» цІэ льапІэр фІэщ1ын **Зэхъуэхъу Руслан Махьсидэ и кІуэм** - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал Іуэхущ1апІэм и медицинэ факультетым и деканым, хирургиемкІэ кафедрэм и доцентым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м
№160-УП

● Обозревателым и псалъэ

Сыхьэтиплірэ ныкъуэкІэ

Премьер-министр Путин Владимир иджы ебґъуанэрэ къэралым и цІыхухэм епсэлъащ. Ар эфирым итащ сыхьэти 4-рэ дакъикъэ 26-кІэ. Ди къэралым щ1ыпсэухэм телефонхэмкІэ, СМС-хэмкІэ, ИнтернеткІэ уплІэ мелуани 2-м щІигъукІэ Правительствэм и Унафэщ1ым зыхуагъэзащ. Путин Владимир абыхэм ящ1ыщ бґъущ1ым жэуап иритащ.

ЗэрыгурыІуэгъуэщ, упщІэ, жэуап псоми зыуб-ґъуауэ дытепсэлъыхьыну Іэмал диІэкъым, арщхьэкІэ кхьхэдґъущ1ынщ нэхъыщхьэу къэтґъытэхэр. Ахэр нэхъ зытегъэщІар нужь зэманым ди къэралым щекІуэкІэрщ.

Премьер-министрым жиІащ экстремизмэм и нэщґэнэ псори ґъэхкІуэдын зэрыхуейр. Кавказ лъэпкъ щ1ыІэкъым. Ди дежь цІыху псори щ1ызэхуэдэщ.

Урысейм сыт щ1агъуи щ1ызэґурыІуэу щ1ытащ дин зэмыґъуэкІуэгъуэхэр зезыхьэхэр. Хэбґъэзыхьмэ, ахэр зэдэІэпыкъурт. Кавказ Ищхъэрэм щ1ыпсэу цІыхухэм къагурыІуэрт къыздэкІуа щ1ыпІэм зэрыхуейр. Ар дыдэр яхуэмыІпІэ хьэнуц Москва къэІэпхъуакэм, абыхэми урысхэм къадекІуэкІ хабзэхэм пщІэ хуащІын хуейщ. Хабзэхъумэхэм я къалэнщ хабзэм ебакъуэ дэтхэнэри яубыдыну. Законым и пащхьэм псори щ1ызэхуэдэн хуейщ. «Спартак»-м и къ1ыдзщІхэм ящ1ыщ зыр зэрауІаракъым ди нэгу щІэкІа Іуэху гуауэхэр къ1ызытэну. Абы ґъэпсыкІэ хабзэхэм ящІэ хуащІ папщІэ пэкІуэкъэм и къагъэсэбэп хьунущ, хабзэм тету къ1ызэґъэпэщамэ.

Гъэ къ1ыздэнэкІым кІуекІуаэм я ґугъу щ1ищІым, Правительствэм и Унафэщ1ым жиІащ бюджетыр зыхуащ1ыщІар проценти 3,5 - 3,8-м зэрыфІэмыкІар. Абы къ1ызэрилъытэмкІэ, 2012 гъэм и илъэс ныкъуэм ди экономикэр лъэІэсыжьын хуейщ кризисым и пэкІэ зэрыщ1ытам. «2010 гъэм лъабапІэ Іэнатіэ» мелуанрэ мин 200-рэ къ1ыздґъэпэщащ. Урысейхэм я1эрыхьэ улахуэр 2009 гъэм ельытауэ процентищ 4,5-кІэ нэхъыбэ хъуащ», - жиІащ абы.

Путин Владимир къ1ызэрыхґъащмкІэ, пенсэ ныбжьыми хагъэхъуэнукъым, тхьэмахуэм дызэрылажьэ сыхьэт бжыґъэри зэрыщ1ыту къагъэнэжьынущ.

Премьер-министрым апхуэдэу жиІуэ ящІащ «ЮКОС» компаниеми и Іэтащ1ыхь зыщ1ыгъэ Михаил лъэхъуэщ1ым зэрыщ1ыгъым, губернаторхэр зэрыщ1ыхахьым, Москва и мэру щ1ыта Лужков Юрий и къ1улыкъум щ1ытрагъэкІам теухуауэ щ1ыхуэхэр зыщІэупщІахэм, нэгъуэщІ куэдми.

ШАЛІМухьэмэд.

● КъБР-м и Парламентым

Кризисымрэ бюджетымрэ

«2011 гъэм КъБР-м и республикэ бюджетым и Іуэхуэкі э» КъБР-м и законым и проектым етІуанэ къеджэгъуэу щ1ыхьэдґъэнум ирикъуэкІэу республикэм и законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и унафэщІ Чеченов Ануар иригъэкІуэкІа зэІуэщІэм хэтахэр тепсэлъыхьащ финанс-экономикэ кризисым пыщІауэ надогхэр къ1ыхэхьынымрэ бюджетым и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я хэхъуэ Іыхьэхэр къ1ызэґъэпэщ1ынымрэ я лъэныкъуэкІэ щ1ыІэ зэхъуэкІынымгъэхэм.

ЗЭРЫГУРЫІУЭГЪУЭЩІ, дуней псом финанс Іуэхуэхэр зэрыщ1эзэІыхьар зэрыщ1ыту къэралым и экономикэми, УФ-м и субъектхэм я социально-экономикэ зыужьынымрэ и псынщІагъэми зэран яхуэхъуащ. Республикэм экономикэ зыужьынымрэ сатумкІэ и министр Мусуков Алий зэрыжиІамкІэ, КъБР-м и Президентым и унафэкІэ 2008 гъэм и кІэухым къызэрагъэпэщауэ щ1ыташ финанс Іуэхуэхэмрэ экономикэм и Іэнатіэхэмрэ я щ1ытыкІэм кІэлъыплъ штаб. Абыхэм я лъэныкъуэкІэ щ1ыІэ щ1ытыкІэр а штабым хэтхэм тхьэмахуэ къэс щІапщІытыкІыу екІуэкІащ икІи нобэм къэсхуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Іуэхум зэрызыщ1ихьуэжар зэпкрыхауэ щ1ыІэщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

■ Зэ1ущІэхэр ■ Гукъэкіыжхэр ■ Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Гъуазджэ Щэбэт къыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

● Щ1ыгъуэ псалъэхэр

«Фэ дыфщІыгъуэщ»

КъБР-м и муфтий Пщ1ыхьэщІэ Іэнас-хьэжыр зэрауІам къ1ыхэкІыу къахуэзгъэзавэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэм иджыри тхыґъэ куэд къ1аІэрохьэ.

«Ялэжьа хьэкІэжъхъуэкІагъэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм и тхьэмадэ Пщ1ыхьэщІэ Іэнас зэрауІар - си гум щ1ыхьащ. Ар ерэ фІыкІэ зэхигъэкІыфу зэрыхуежьэрэ къ1ызыхэкІа льэпкъым хуэлэжьа цІыхущ. Абы пщІэрэ нэмысрэ къ1эзыщ1ыху псоми къ1ыхуащ1ыт. Пщ1ыхьэщІэ Іэнас зэфІэкІрэ лІыгъэрэ хэльт, ар Кавказ Ищхъэрэм нэхъ пщІэшхуэ щ1ызиІэ дин лэжьакІуэхэм ящ1ыщт. Апхуэдэу ар дэ сыт щ1агъуи дигу илъынщ. Дэ ди къалэнщ дызэкъуэзувэу, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щ1ы щ1ынагъэ зэпэщІэзэрыт щ1ынагъэмрэ къ1ызэпІызыудыну хущІэкъу къарухэм гъуэгу едмыту къ1ызэтедґъэувыІэну. А щІэпхьаджагъэр къ1ызэзыгъэпэщ1ахэр къ1ызэрагъэтынымэ икІи яхуэфащэн жэуапым зэрырашэлІэнум щэч къытесхьэркъым. Ингушым и цІыхубэм я щІэкІэ икІи си щхьэкІэ сэ къызбґъэдэкІыу сазэрыхуэгъэзавэр хэкІуэдам и Іыхьлы-хэмрэ и благъэхэмрэ скуажерфІэжьну сыныволъэІу», - ещІ Ингуш Республикэм и президент Евкуров Юнус-Бэч къ1ыгъэжьа телеграммэм.

Щ1агъуэ телеграммэ къ1ыбґъэдэкІащ Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Іэтащ1ыхь Мамсуров Таймуразэ: «Фэ дыфщІыгъуэ дощ1агъуэ икІи фи гуауэм и хьэлъагъэр зыхьідощІэ. Щэч къ1ытесхьэркъым а щІэпхьаджагъэр зыпІэжьа хьэкІэжъхъуэкІэхэм яхуэфащэ тезыр зэрахьынум, лъэпкъ куэд зэрыс, дин зэмылІэужьыгъуэхэр щ1ызэрахьэ Кавказ Ищхъэрэр мамырыгъэмрэ зэпІэзэрыт-ныныґъэмрэ я ґъуэгум тету зэрыкІуэр абыхэм къ1ызэрІэпамыудыфынум».

КъБР-м и муфтийр зэрауІам теухуа хьыбарыр Абхъазым исхэми яґу щ1ыхьащ. «Пщ1ыхьэщІэ Іэнас динир зыІыгъэм пщІэшхуэ зыхуащІ щ1ыхуу щ1ытащ. Иригъэкіуэкі лэжьыґъэмкІэ ар сэбэп хэхъуэрт граждан зэгурыІуэныґъэр ґъэбідэныжьрэ динхэр зэдэпэжьэныжьрэ. Апхуэдэ пщІэ зиІэ дин лэжьакІуэр зэрыхэкІуэдар, щэч хэмыІтъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкІэ зэщІыныґъэшхэр къагъэхьащ УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Жириновский Владимир, Адыґэ, Хъэрэшей-Шэрджэс, Шэшэн, Дагъыстэн республикэхэм я президентхэу Тхьэкіущ1ынэ Асльэнджэрий, Эбзеев Борис, Кадыров Рамзан, Магомедов Магомедсэлам сымэ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен и деж

Пщ1э зыхуэсщІ Арсен Башир и къуэ!

Тенджвэ ФІыцІэм и Іуфэм Іус щ1апсыґъэм я Адыґэ Хасэм кьыбґъэдэкІыу сыныфхуогузавэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ, дин лэжьакІуэ щ1ярыІуэ Пщ1ыхьэщІэ Іэнас зэрауІам къ1ыхэкІыу. Гурыщ1э къабзэхэмрэ мурад дахэхэмрэ псори хуэзыщ1ыйуэ екІуэкІа щ1ыхур зэрыґъэкІуэдар дэ ди щ1ыхьэкІэ къыдэуІэ гуауэу къ1ыдолытэ икІи абы дыхуеунэтІ ди льэпкъыр зыґъэґъ-лэз щынагъуэхэм - экстремизмэмрэ радикализмэмрэ - я1эщІэтэныкмкІэ къ1ыкІэпІэхэр нэхъри нэхъ ерыщу къ-лъ1ыхъэным. Ди фІэщ щэхъу республикэм и унафэщІхэр ерыщу икІи зэрыкІуэр зэрыґъэкІуэм, ди щ1ыхьэм акъ1ыльыщэ зэрахэлъым я фІыщІэкІэ апхуэдэ тэмакъкІэщІагъ1ымрэ мых1ымыщІагъ1эхэмрэ къ1ызэрызэдпэкІыфынур.

Тенджвэ ФІыцІэ Іуфэм Іус щапсыґъэм я Адыґэ Хасэм (жылаґъуэ парламентым) и тхьэмадэ **ЧАЧЫХЪУ Мэжид.**

Афганистаным щекІуэкІа зауэм и ветеранхэм я союзым ґущІыхьэ ящ1ыхъуащ КъБР-м и Муслымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм и тхьэмадэ **Пщ1ыхьэщІэ Іэнас-хьэжьір** зэрауІар икІи абы и унагъуэм, и Іыхьлы-хэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

● Илъэсыщ1э

Республикэм щ1ыетІуанэ псей

НАЛШЫК щагъэувыну Илъэсыщ1э псейхэм яп1э кьыщар Абхъазым и утым мы махуэхэм щагъэщІэращІэращ. Псей Іэрыщ1 абрагъуэр ди кьалащхьэм тыґъэ къ1ыхуащІащ къ1ыщ1ытщІэ Іуэхум хэт щІалэ зыбжанэм.

«Иджыри къ1ыздэсым кьалэм щ1ыдґъэуву щ1ытар ягъэкІа псейт, - жеІэ Налшык къалэ администрацэм Коммуналнэ хозяйствэмрэ кьалэр зыхуей хуэґъэзэзмкІэ и Іуэхущ1апІэм и Іэтащ1ы Былымґъэт Юрий. - Ауэ нужьрей илъэсхэм псей Іэрыщ1Іхэр нэхъ къэтґъэщэху хьуащ, илъэсипщІ бжьґъэкІэ кьагъэкІаохэр тхъумэн папщІэ.

Абхъазым и утыр Илъэсыщ1э махуэщхуэхэр зыґъэщІэрэщІэну псейм р (и льагагъыр метр 16,5-рэ мэхъу) абы фІэлъэмрэ сом зы мелуанрэ мин 400-рэ текІуэдащ. Ар нэхъ дахэ ещІ «Вагьуэбэ уафэ» лампІ зэмыфэґъуэхэм.

Илъэсыщ1э псейр дахэу зэщІэблэу, екІуу хуэпІауэ щ1ытыныжьмкІэ къ1ыдґъэІэпыкъуащ Къуэжьокъуэ Артур. Псейр жэщми махуэми милицэм и лэжьакІуэхэм яхьумэнщ.

«Мы псейр и инагъкІи, и дахагъкІи Налшык и мызакъуэу, республикэ псом щ1ыетІуанэу щ1ытынущ», - дыщІигъуащ Былымґъэтым.

ШЫПШ Даяна.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элиэ** *трихащ.*

«Плъыр щхъуантІэ»

«Плъыр щхъуантІэ» («Зеленый патруль») Урысейпсо жылагъуэ зэґуэхьныґъэм и жэрдэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ округым щекІуэкІа «экологие рейтинг» зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым яп1э увыпІэр къыщ1ыхьащ.

АПХУЭДЭ екъуІэныґъэр кьыпэкІуащ псыдзэм зэрыщ1ыґъэ къ1ымыщ1ым, Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ыуэпс ґъэтІ1ыпльыґъэхэр зэґъэзэхуауэ къ1ыщґъэсэбэпым, дунейм и щ1ытыкІэм кІэлъыплъыным хуэунэтІауэ республикэм и щ1ыуэпсыр хьуэнкІэ зи къалэн Іэнатіэхэм зэфІаха лэжьыґъэм.

ХЬЭМДЭХЪУ Сурен.

Хэт къ1эзыґъуар?

«Ассоциэйтед Пресс» хьыбарегъащІэ агентством дыґъуаз-ээ къ1ызэритамкІэ, США-м и посольствоу Йеменым щ1ыІм щ1ылажьэхэр зэрыс автомобиль зыхуэдэр къ1ыхуэмыхутэ бомбэ лІэужьыґъуэкІэ къагъэуэну хэтащ. Зыри хэкІуэдакъым.

США-м и Къэрал департаментым и лІыкІуэ Кроули Филип зэрилІуэтэмкІэ, ар бэ-ракьей пщ1ыхьэщхьэм Йеменым и къ1ащ1ыхьэм къ1ыщ1ыхьащ.

Йеменым и унафэщІхэм къ1ызэратымкІэ, а теракт1ыр ялэжьауэ гурыщхъуэ зыхуащІ щ1ыху зыбжанэ ящ1ыдащ, абыхэм ящ1ыщ зыр ильэс 20 хъуэу аращ, Йорданым и щІыхуэ.

Йеменыр нобэ экономикэ, политикэ щ1ытыкІэ гугъум итщ. «Аль-Каидэм» и боевикхэм, шинт зыкъэзыІэтахэм, сепаратистхэм ар ткІийуэ щ1ыпэщІэтын хуей мэхъу къ1ралым и ищхъэрэ, ипщэ щ1ыналъхэм.

Мы махуэхэм

Дыґъэґъазэм и 18, щэбэт

♦Хэкум и Іэнатіэкіахэм я дунейпсо махуэщ

♦Дыґъэґъазэм и 18 - 19-хэм Венеци (Урым) щ1ызэхэтынущ хуитынныґъэр зи Іэмал демократиемкІэ Европэпсо комиссэм (Венеци и комиссэм) и 85-нэ пленарнэ зэІущІэ.

Дунейм и щ1ытыкІэнур:

♦«meteonovosti.ru» сайтым къ1эзэритымкІэ, нобэ Налшык уэпс мащІэ къ1ыщеІсыну хуґъэзэфащэ. Махуэм хуабэу, градуси 7, жэщым - градуси 3 щ1ыІэнущ.

Дыґъэґъазэм и 19, тхьэмахуэ

♦ Тхьэмащ1ыґъэхэм я дэІэпыкъуным и дунейпсо махуэщ

♦Беларуссием президент щ1ыхах.

♦Москва и Поклонной бґыщхьэм къ1ыщ1эзэІуах куржы сэлэтхэм я фэеплъ, 2009 гъэм дыґъэґъазэм и 19-м Кутаиси щакьута «Щ1ыкьым и фэеплъым» щагъэуву, Хэку зауэхуэм СССР-м и щ1ыхубэ псори зэхуэдэу зэрыхэтар къагъэлъэґъуэн папщІэ

Дунейм и щ1ытыкІэнур:

♦«meteonovosti.ru» сайтым къ1эзэритымкІэ, Налшык уэфІу щ1ытынущ, хуабэр махуэм градуси 6-м, жэщым зы градусым щынэсынущ.

Дыґъэґъазэм и 20, блыщхь

♦ Щ1ыхуэхэм я зэкъуэтынымґъэм и дунейпсо махуэщ

♦Урысей Федерацэм щынагъэушагъэмкІэ и Іуэхущ1апІэм (ФСБ-м) и лэжьакІуэм и махуэщ.

Дунейм и щ1ытыкІэнур:

♦«meteonovosti.ru» сайтым къ1эзэритымкІэ, Налшык уэпс мащІэ къ1ыщеІсыну хуагъэфащэ. Махуэм хуабэр градуси 6-м, жэщым - градуси 3-м нэсынущ.

Ильясов зыхъэхъэрар **ГЪУЩІО Зарифи.**

Лъэпкъ Іущ1агъэ:

Щхьэхьынэр жейнэдщ.



Мелуан 50 хелъхьэ

АБХЪАЗ. *Щ1ынальэм шейуэз Іэнатіэм дызыхуэхІуэ гъэм гъэм мелуан 50 хилъхьанущ. Республикэм щей хадэхэр къ1ыщагъэщІэрэщІэж. Шейм щелэжь фабрикэхэр зэґъэпэщ1ыжьынымрэ, егъэфІэкІуэным и проектыр зэхалхьэ, абы текІуэдэну мылъкур яубзыху.*

МЭКЪУМЭЩ хозяйствэмкІэ министр Акабэ Юрий зэрыжиІамкІэ, иджырей технологиехэр къагъэсэбэпу шейм елэжьыну Іэщ1агъэлІэхэр Абхъазым и Іэщ. Абыхэм, ягъэхьэзырыфынущ нэґъуэщІ щ1ыпІэхэм къ1ущ1ыщІамыґъэкІ лІэужьыґъуэхэри.

Пиротехникэм теухуауэ

КЪЭРЭЩЭЙ-ШЭРДЖЭС. *Президент Эбзеев Борис пиротехникэ Іэмэпсымэхэр щащІэ щ1ыпІэхэм тІкІийуэ кІэлъыплъыну потребитель рынокым и унафэщІхэм пщэрылъ ящ1ыщІащ.*

ПИРОТЕХНИКЭ Іэмэпсымэхэр кърахьэжьэу махуэщхуэ Іуэхуґъуэхэр республикэм щрагъэкІуэкІыну хуит ящ1ыркъым. Ахэр къ1ущагъэсэбэпынукъым сымаджэщхэм, сабий Іуэхущ1апІэхэм, бэзэрхэм, фэеплъхэм япэґъуэнґъу унэхэм, апхуэдэуи сыхьэт 23-м щ1ыщІэдзауэ пщІэджыжьым сыхьэти 7-м нэсыху хьэрэкІытэхэр уэрамхэм щ1ыдґъэуейуэ ядэнэкъым.

Президентым кьыхуриджащ сату щІапІэхэм мафІэ къ1ыщ1ымыґъэхъуным нэхъри хуэсакъыну, пиротехникэ Іэмэпсымэхэр ищ1ну хуитыныґъэ зиІэ предприятэхэр яубзыхуну.

Хэкум ирагъэблэґъэж

АДЫГЕЙ. *Президентым и унафэкІэ «Хамэ къэрал щ1ыпсэу хэкІуэґъуэхэр я фІэфІынымґъэкІэ къаІэпхъуэжьынымкІэ ядэІэпыкъун папщІэ 2012 - 2014 гъэхэм тещІыхьа» программэм и проектыр зэхэзыгъэувэну ведомствэхэм я лэжьакІуэ гуп къ1ызэрагъэпэщащ.*

ГУПЫМ хьыхьэнухэр ящ1ыхуащ. Езыхэм я фІэфІынымґъэкІэ ди хэкуэгъуэхэр Адыгейм къэІэпхъуэжьынымкІэ зыщІагъэкъуэным теухуа республикэ программэм и проектыр Урысей Федерацэм и Правительствэм деж щ1ыпхагъэкІын папщІэ къ1ызэрагъэпэща гупым 2011 гъэм накьыґъэм и 1-м нэсыху ар зэхигъэувэн хуейщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Ахъшэр ягъэмэщІэнукъым

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Кьанокьуэ Арсен иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм щыщхэр, къала, районым администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, ведомствэ щхьэхуэхэм я унафэщІэхэр зыхэта зэІущІэ.

АБЫ ЩЫХЭПЛЪАЩ КъэралрегистрацэмкІэ, кадастрымрэ картографиемкІэ Федеральнэ управлениэм республикэм щІэкъудамэр 2009 гъэмэрэ мы гъэм и мазэ 11-мрэ зэрылэжьа щыкІэм, дяпэкІэ гулыбгъэ нэхъ щыхьэ щыщІапхъэ Іуэху гъуэж эм. ЗэІущІэм хэтащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Йщхьэрэ Федеральнэ округым щыІэм и Аппаратым КъБР-мкІэ и инспектор нэхъыщхьэ Вербицкий Алексей, республикэм и Парламентым и ТхьэмадэТ Чеченов Ануар, Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Абрэдж Іэдиб сыиэ.

Іуэхум теухуауэ къыщыкІасальэм, къэрал регистрацэмкІэ, кадастрымрэ картографиемкІэ Федеральнэ Іуэхущапіэм КъБР-м щиІэ къудамэм и унафэщІ Жэмыкъуэ Артур зэрыжиІамкІэ, щыхьэхэм мыпхум хуаІэ хуитныгъэу 55702-рэ ятхащ. А бжыгъэр 2009 гъэм 54661-рэ, 2008 гъэм - 46707-рэ хьуІуэ арат. Справкэ эу, абы хуэдэн нэгъуэщІ щыхьэт тхьылъу ятащ 31873-рэ. Ари нэхъыбэщ иужьрей илъэситІым кІуриубыдэу ялэжьам нэхърэ.

Мы гъэм гъатхэпэм и 1-м щыщІэдзауэ Іуэхущапіэм щыхьэт тхьылъэр зэрыщІам щыкІэр тынш хьуащ - абы щалажь Іуэхутхьбэзэ псори зэ уІуу зэфІокІ, «зы щхьэгъубжкэм» и Іэмалкіэ. Апхуэдэ щыкІэкІэ Федеральнэ Управленэм и къудамэм щыІахащ лъэІу тхьылъ 1171-рэ. А Іуэхуэхэм я языхэзмиятпэм махуэ 90-кІэ хэпльэу щытамэ, иджы махуэ 30 текІуадэу аращ, уеблэмэ лІэужьыгьуэ зыбжанэр, псальэм папщІэ, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм кьащхьэ а псэупІэм, дачэхэм я щыхьэт тхьылъхэр тхыныр махуэ 15-м эзфІокІ.

Жэмыкъуэ Артур тепсэлыхьащ зи унафэщІ Іуэхущапіэр зыІуэуэ гугъуехьхэмэ. Псальэм папщІэ, щылэжьан унэ эзрамыІэм кьыхэхІыу, куей зыбжанэм къудамэхэр къыщІэІуахыфыркъым. Ахэр етІанэгъэ лэжьапІэ пэшхэмкІэ къыззгъэпэщыным елэжьканыщ Федеральнэ управленэмрэ республикэм и районхэм администрацэхэмрэ.

Зэ Іущ Іэм щыхэпльащ Къэбэрдей-Балькъэрым дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэмэ. Псальэм папщІэ, КъБР-м и ешхыгъэ щыІэ сыт хуэдиз гектар федеральэ мыпхуыгъэхами (апхуэдэр гектар мин 90 мэхъу). Ахэр дауэ КъБР-м и мыпхум кІыхэбгъэхьэж хуэнуми щытепсэлыхьхьэм, Президент Кьанокьуэ Арсен кьыхигъэщащ республикэм мэкъумэш щапІэ кІыззэремэщІэкІым кьыхэкІыу, абы кІыщІагъэкІ псори щэхуакІуэм кьыхэзгрэзгъэзэбэзынкъм хуэдэ у, уеблэмэ ерыскъыхэкІыр зэрыль хьэпшпхэр щэхуакІуэр игъэтышныным тещІыхьауэ, ерыскъыхэкІ щащэ тыкуэнхэм нэшэсын зэрыхуейр, кьагъэкІар щахуэмыщэж кьэмыхьун папщІэ, а тыкуэнхэм зэрыщІэкІар щыхьэнхэр. Абы зэрыжиІамкІэ, зэгурыІуэныгъэ щхьэхэхэр тыкуэн нэхъ инэм иращыІлащ, хамэ жьэралхэм кьраш ерыскъыхэкІхэр ди щыналъэм щагъэкІахэмкІэ зэхъуэжьынымкъым ехьэлІауэ. Ахэр хьэзырщ ерыскъыхэкІхэм елэжь ди Іуэхущапіэхэм я мыльку халъхьэу, ящэну щхьэнхэкІхэм зэрыщыкІэр ди республикэм щрагъэфІэкІуэну.

- А Іэнатіэм лэжьапІэщІэхэр кьащІыщІэуфхІэ, тыкуэн куэд зыгъэлажьэ Іуэхущапіэхэм фечэнджэщ, ахэр зыхуэныкъуэр кьэфІныгъэ, -жиІащ Кьанокьуэ Арсен, мэкъумэш хозяйствэмкІэ министрым хуэгъэзащІ.

Президентым кьыхигъэщащ Къэбэрдей-Балькъэрыр дзыхь зыхуэпэщІ хьуну дэлэжьагъуу нобэ кьыІэрыльытэр. ИльэситІ нэ хъ дэмыкІыу, республикэм езыр зыхуэныкъуэ ерыскъыхэкІым хуэдиз зэригъэпэщыным кьыщымынэ у, щыналъэхэм я зэхуэкъ дэпльатумэ зиужьынущ. Абы папщІэ джэдкъаз щагъэхьу, гъэшхэІ, Іэщ фермэу нобэ яухуэхэр нагъэсынуэ, а псоми етІанэгъэ лэжьэн щІадзэнущ. Абыхэм кьыщІагъэкІынущ тыкуэнхэм зэрыщащэнум сыт и льэныкъуэкІи хуэхьэзыр щхьынигъэуэр.

КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсен кьыІэригъэльэгъгъуамкІэ, 2011 гъэм федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу Налшык сом мелуан 208-рэ кьыхуаутІыпщынущ, кьалэм и гъуэгухэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІэуэ. Федеральнэ гъэзгуу республикэм и щыналъэм пкрыкІэр гъэтэмэмым Кьэбэрдей-Балькъэрым и бюджетым етІанэгъэ хухех сом мелуан 69-рэ. КьыщынэмыщІау э, ящэм зэрытращІыхьауэ щытам хуэдизу, 2011 гъэм федеральнэ ахьшэу республикэм кьыІэрыхьэр сом мелуан 671-кІэ ягъэмэщІэнукъым, а мылькур Іыхьитіу гуэшауэ кьаутІыпщынущ. А псом и щыІуэкІэ, КъБР-р гугъэ хьунущ УФ-м и щыналъэхэм заужьыныжкІэ тезыгъэгушхуэ фондым кьыхэкІ ахьшэ кьыІэрыхьэну.

- Ящэм хуэдэу, до тацэу кьратыр зыгъэмэщІэф щыналъэхэм федеральнэ мыльку хухахьм хэгъэщынкІэ кьэзэгьыкъым. Апхуэдэ щыналъэхэр Іуэхуэхэм тегушхуэн папщІэ, я мылькум хэгъэхьуэн хуеІуэ аращ, - жиІащ Президент Кьанокьуэ Арсен.

ГЪУЩІО Зариф.

Кризисымрэ бюджетымрэ

(КІэухэр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

КРИЗИСЫМ и гугъуехьхэр нэ хъ зыхащІащ ди предприятэхэм ящыщу урысей компание инхэм ящыщІауэ лажьэхэм. Щэхуакіуэхэм ахьшэр къемэщІэкІыу зэрыхуежьам къыхэкІыу языныкъуэ продукцэ лІэужьыгъуэхэр щыхурагъаІуэ пІалъэхэр ягъэІэпхъуэрт, кІуэтэку яхуэщІри нэхъ мащІэт. Абы къыхэкІыу, язныкъуэ предприятэхэм лэжьэгъуэ зэманыр щагъэмэщІащ, нэгъабэрэ мы гъэмрэ республикэм промышленнэ продукцэу кьыщыщІагъэкІым хэхъуакъым. Ауэ агропромышленнэ комплексым зэпІэзэрыту зеужь. НэгъуащІ къэралхэм ахьшэ продукцэр зэрагъэмэщІам и фІыщІэкІэ мэкъумэшхэкІэр нэхъыфІу пхыкІыу хуежьащ.

Министрым кьигъэлъэгъуащ ухуэнныгъэм ирахьэлІэ материалхэм щІэупщІэхэр кІуэ тэку нэхъ мащІэ зэрыльхъур икІи абы кьыхэкІыу а Іэнатіэм кьыщІигъэкІ продукцэм зэрыкІэрыхьур. Апхуэдэу щыт пэтми, ухуакІуэ организацэхэм Іутхэм ящыщ куэд кьыІуагъэкІыркъым, абыхэм лэжьапІэмкІи щыхуэ ятелъкъым. Республикэм и транспорт комплексымрэ абы хиубыдэ Іэнатіэхэмрэ зэпІэзэрыту мэлажьэ. Банк Іэнатіэм и Іуэхури зэтеухуауэ ноКІуэкІ.

КъБР-м Щэхуакъуэ лэжьапІэкІэ кьыхэзгъэпэщыныкІэ и къэрал комитетым кьит бжыгъэ хэм кьагъэлъагъуэ ди дежкІэ лэжьакІуэхэр зэрыІыгъыу Іэнатіэхэм кьыщыІуагъэкІ кьыхэзгъэщымыхъур. Зы мазэм кьриубыдэу (дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлІэу) лэжьапІэнщэхэм я бжыгъэ щыхуэ 575-кІэ нэхъ мащІэ хьуащ. Иджыпсту Іэнатіэ пыухыкІа яныІэу ятхахэр щыхуэ мин 12,4-м нэсу аращ.

Мусуков Алий кьыхигъэщхьэжькІащ республикэм налогыу кьыщыхахым кьрисным и эрранкІэ зэхъуэкІынныгъэшхуэ игъуэтауэ зэрыщымытыр. КьащІтэмэ, 2008 гъэм елытауэ ногъабэ кьэралым и бюджет Іэнатіэ псоми налогыу кьаІэрыхьар процент 83,5-рэ фІэкІ мыхьуамэ, УФ-м и бюджет Іэнатіэм Іэрыхьэну налогыу республикэм и щІыналъэм кьыщыхахар процентэ 3,8-кІэ нэхъыбэщ. 2009 гъэм елытауэ дыззрыт ильэсым и япэ мазищым республикэм и бюджет зэгуэтым и хэхъуэр процентэ 7,3-кІэ, налогхэм я хьэжькІэ кьаІэрыхьэ ахьшэр процентэ 6-кІэ хэхъуащ, муниципальнэ щІыналъэхэм я бюджетхэри процент 12,4-кІэ нэхьыбэ хъуащ.

Налог хэхъуэ псоми ящыщу процент 34,4-р щыхуэм я кІэ хэхъуэм техуэ наогъэрыщ, процент 26-р фдэжкІэхэм трапльхъэ акцизхэрщ, процент 15-р фейдэм тещІыхьауэ трапльхъэ налогыщ, процент 12,6-р Іуэхущапіэхэм я мылькум трапльхъэ налогыщ, процент 12-р адрей налогхэмрэ кьинэмыщу зэхуэхьэс ахъшэкэмрэщ. Налог лІэужьыгъуэхэм я нэхъыбапІэм ахъшэу кьапэкІуэр нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ нэхъыбэ хъуащ.

Мусуков Алий зэрыжиІамкІэ, налогхэр кьыхэхьным и пъэныкъуэкІэ щІыхь щхьэхуэхэм яІэ хэхъуэхэм папщІэ зэрыхьэрыхьар. Абы кьегъэльагъуэ лэжьапІэ Іэнатіэхэм я бжыгъэмэ лэжьапщІэмэ зэрыхэхьуэр.

Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкІэ, финансхэмкІэ и комитетым и унафэщІ Ахъуэжь Кьанцубий кьыхэхуэсахэр щыгъуаза ищІащ КъБР-м и Парламентым и дежи кризисым пэщІэтыныжмкІэ кьыщыхэзрагъэпэща комиссэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм. Абы хохьэ Іуэхум кьегъэщІыла комитетэм, министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм, жылагъуэ зэгуэныгъэхэм я лІыкІуэхэр. Комиссэм зэрымыуцуэ къепщытэ республикэм щыІэ финанс, экономикэ щытыкІэр икІи КъБР-м и Парламентым и полномочиехэм кьриубыдэу комиссэм хэтхэм зэкъатьхэ зэрыщысым и Іуэхьэр кьыхэзгъэкІынымкІэ нэхъ щІегъэщапхъэу кьаІатІэ Іуэхуэр.

Федеральнэ налог кьулыкъущапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и Іуэхдэр Сарбашевэ Светланэ акъыІэгъу хъуащ УФ-м и адрей субъект куэдым елытауэ КъБ-бэрдей-Балькъэрыр кризисым нэхъ тыншу кьыщэхуэхІам текуэдиз кьэпсэльхэм жаІахэмкІэ. Ауэ, дауэ щымытми, налог нэхъыбэкІэ зыщыгугъуэу республикэм щыІэ Іэнатіэм ар зэран кьаХуэмыхьуу кьэнакъым. Кьапщтэмэ, 2008 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ 2009 гъэм и щышылъэ - дыгъэгъазэ мазэхэм фейдэм текуэ налогым кьыпэкІуэу кьыхахар процент 22-кІэ нэхъ мащІэщ. Нэхъ япэкІэ псори зэхэту налогыу трапльхъэр сом 1 мелардым щІигъуу щытамэ, иджы ар зэрыхьэжьыр сом мелуан 819-рэщ. Іэнатіэхэм я хэщІхэри нэрыльагъуу нэхъыбэ хъуащ. Зэрыльэкъым техуэ декларацэ кьэзыт Іуэхущапіэ 1793-м ящыщу 2009 гъэр фейдэ пылъу зыухар 850-рэщ.

ХэщІыныгъэ нэхъыбэ зиІэхэм ящыщщ электрокъарур, газыр, псыр кьэзыІэжь, тезыгъашэ Іэнатіэхэр. Республикэм псом хэщІу щыІам и Іыхьэ щащэр зыхуэхэр а Іэнатіэхэм хиубыдэ Іуэхущапіэхэрщ.

Сарбашевэ Светланэ зэІущІэм хэтахэр зыщІэупщІахэм жэуап иритащ. Кьапщтэмэ, ар тепсэлъыхьащ фадэхэкІхэм трапльхъэ акцизу республикэ бюджетым кьыІэрыхьэм щыкІэрыхьэм и щхьэусыгъуэм. Налог органхэр зыкІэтьэпльэ предприятэу республикэм щыІэхэм фадэжкІхэм трапльхъэ акцизу кьатыр 2006 гъэм щыщІэдзауэ 2008 гъэм нэсыху сом мелуан 770-м щегъэжьауэ сом мелларди 2-рэ мелуан 624-м нэсауэ щытащ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, хуэди 3,6-кІэ хэхъуащ. Ар республикэм и бюджет зэгуэтым ахъшэу кьыІэрыхьэм и Іыхьэ щанэ хъурт. Дыззрыт ильэсым налог органхэм щхьэщхьащ фадэу кьыщІагъэкІымрэ ящэмрэ кІэлъыпІъныныр, акциз маркэхэр тыныр. Абы кьыдэкІуэу фадэ зыщІэхэр зэрыпэжьэн хуей щыкІэри ягъэтхІ ящІ. Абы ипкъ итІу я лицензэхэр пІалъэкІэ кьыззтрагъэувыІащ республикэ бюджетым и хэхъуэ псоми я процент 43-р нэгъабэ кьэзыта предприятэ 14-м. Нобэм ирихьэлІэу а предприятэхэм ящыщу 8-р лэжьэну хуит ящыжакъым, предприятэу 2-м лицензэхэр Іахьжьыпащ.

Щ1алэгъуалэ правительствэм финансхэмкІэ и министр Мышцхьэжь Іэминэ кьыхигъэщащ щІыхуэхэм кьаІэрыхьэхэм ятехуэ наогъэр зыщлажьэ щІыпІэхэм мыхьуу, щыпсэу щІыпІэм кьыщыхьным теухуа зэхъуэкІныныгъэ Налог кодексым хагъхьэн хуэдэу псалъэмакъ кьыззрекІуэкІэр икІи абы и мыхьэнэм щІэупщІащ. Доклад зыщІам жиІащ апхуэдэ зэхъуэкІныныгъэм бюджет Іэнатіэ псоми я Іуэхур иригъэфІэкІуэфыну зэрыщытыр, ауэ ар иджыпсту пхузэфІэмыгъэкІын кьаІэнащ, сыту жыпІэмэ предприятэхэр апхуэдэ зэхъуэкІныныгъэм зэкІэ хуэзэзырыхьым.

«Урысейм и щІэгъэкъуэн» зыхъурчэт Іуэху мыинмрэ курытымкІэ урысейпсо жылагъуэ зэгуэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр щыІалъ къудамэм и унафэщІ КъыІутышкъуэ Альберт тегуэзвыхьащ социальнэ налог зэгуэтыр процент 26-м щегъэжьауэ процент 34-м нэсу зэрыхагъахъуэм. Абы кьызэрилъытэмкІэ, мы Іуэхур сэбэн хъунукъым зэрыщыту къэралми, хэхъуэ ди республикэми кьыщыхэкІ Альберт тегуэзвыхьащ социальнэ налог зэгуэтыр процент 26-м щегъэжьауэ процент 34-м нэсу зэрыхагъахъуэм. Абы кьызэрилъытэмкІэ, мы Іуэхур сэбэн хъунукъым зэрыщыту къэралми, хэхъуэ ди республикэми кьыщыхэкІ Альберт тегуэзвыхьащ социальнэ налог нэхъыбэ щІыныжмкІэ. Илъэс зыбжанэ ІьанДзэр хьэрычэт лэ жьакІуэхэм налогхэр нэхъыбэуэ тыным теухуауэ драгъэкІуэкІа лэжьыгъэр псыхэкІуадэ хъункІэ хъунущ а зэхъуэкІныныгъэм и зэранкІэ. Сыту жыпІэмэ, а налог Іэлъужьыгъуэр кьызытехьэтхъэхэм кьаІэрыхьэ хэхъуэр щІауфэу щІадзэнкІэ шынагъуэ щІэщ. Къэпсальэм парламентрэм гу лъагрилъагъащ мы Іуэхум хуэфэщэн закон зыгъэбжъэ зэтегъэувапхъэ зэрыщытым.

ЗэІущІэм хэтахэм чэнджэщ пыухыкІахэр яубзыхуащ. Кьапщтэмэ, абыхэм кьальытащ - КъБР-м и бюджет гъэгу фонд хэкам и Іуэхукіэ» республикэм и заионым и проектыр гъэхъэзырынымрэ кьэщтэнымрэ КъБР-м и Парламентым еуэкъэрэкІын хуеІуэ. Правительствэм хуэгъэза чэнджэщ хэр нэхьыбэу зытеухуар республикэм и бюджет Іэнатіэм и хэхъуэхэр кьызэщІэгъэІуэныжмкІэ, финанс, бюджет, налог хабзэхэм зэрыстетым кІэлъыпІъныжмкІэ КъБР-м и Правительствэм и комиссэм и лэжьыгъэр зэтегъэувэжьмыцІ. Апхуэдэу гулъытэ хуащІащ предприятэ инхэр фейдэ пылъу щІэмылэжьэфым и щхьэусыгъуэхэр зэхэгъэкІынымрэ абыхэм я лэжьыгъэр зэтеуухуэжьнымрэ. ЩІыпІэ самоуправленэм и органхэм ечэнджэщащ зыхуэфащэ муниципальнэ щІыналъэхэм я социально-экономикэ зыщужьынныгъэм и стратегиер зжаІэльэну.

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

● Хъуэжьу

ЩІДАА-м и член-корреспондент, Шэшэн Республикэм ЩІэныгъэхэмкІэ и академиэм и вице-президент, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор Дадашев Р. Х. деж

ПщІэ зыхуэтщІ Райком Хасимхан и къуэ!

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Президиумым и цІэкІэ икІи си щхьэкІэ сэ кьызгъэдэкІыу сынохъуэхъу ильэс 60 уэрыриКъуамкІэ.

ЕбгъэкІуэкІ лэжьыгъэшхуэм екъуЛІэныгъэхэр кьыщыпхьыну, узыншагъэ быда, насып, гъащІэ кІыхь уиІэну, Урысейм и щІэныгъэ Іэнатіэм зегъэужьыныжрэ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэм я фІыгъуэмрэ хуэунэтІа творческэ Іуэхуэхэр къохъуЛІэну сынохъуэхъу.

ЩІДАА-м и президент НЭХУЩ Іэдэм.

● Зэ1ущ1эхэр

Псы гъэтІылъыгъэхэм я щытыкІэм топсэлъыхь

Дыгъэгъазэм и 10-м «Синдика» интур хьэщІэщым щыгъэхэтащ КъуэкІыпІэ-Каспий округым и бассейн советым и ещанэ зэІущІэр.

ЗЭХЫХЬЭМ Урысей Ищэм и щІыналъэ 8-м, Къалмыкъым щыщІэдзауэ Дагъыстэным нэскІэ, щыщхэр зэхуишэсат.

Псы гъэтІылъыгъэхэмкІэ федеральнэ Іуэхущапіэм и Къуэкіыпіэ-Каспий бассейн псы управленэм и унафэщІ **Курбанчиев Гусейн** кьыІэрыгъэ хигъэщащкІэ, зэхуэсым кьыщалэта Іуэхугъуэ нэ-хъыщхьэр зэ зытеуухуар округым и псы объектхэр нэхъ сэбэн пылъу КъуэкІыпІэ-Каспий бассейнрэ.

А Іуэху зэІумыбзыр зэфІэгъэкІынымкІэ субъектхэм я Іэтащхьэхэмрэ гъэзэщІакІуэ властхэмрэ дэІэпыкъуэгъу хъуну ар щогугъ. Округым и псы гъэтІылъыгъэхэр - абы щыпсэухэм я зэхуэдэ мылькущ, я къулеигъэщ икІи ар зэрахьумэ, кьыззрагъэсэбэп щІыкІэм елъытащ Урысей Ищэм и щыхуэм я экономикэ, экологие, социальнэ зыужьынныгъэхэр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ **Уянаев Казым** псым ехьэлІауэ щыІэ Іуэху зэІущІэхэм я шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным гулъытэ зэрыхуащІым тепсэлъыхьащ. Абы кьызэрыкІугъащкІэ, КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсен и унафэкІэ, мы гъэм псы Іуфэхэр гъэпсыным ехьэлІауэ лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІащ. Шынагъуэншагъэр кьызэрагъэпэщащ, ауэ ар нэсу зэфІахьи щхьэкІэ, метр 650-рэ хъу, псы Іуфэр зыгъэбдэд дамбэ яухуэну кьапэщылъ. Уянаевым зэрыжиІамкІэ, республикэм и унейуэ ялыта, псори зэхэту километри 140-рэ хъу псы быдапІэ уухуэныгъэу 70-м щІигъуи щыщу 48-р федеральнэ Іуэхущапіэм и Іэмыщ1э иль псыежэхэм тращыхьащ. Апхуэдэу щыщІкІэ, зи гугъу тщІы гидротехникэ ухуэнагъэхэр псы гъэтІылъыгъэхэмкІэ федеральнэ Іуэхущапіэм етыжьн хуейуэ вишепремьерым кьелъытэ.

КъБР-м и псы гъэтІылъыгъэхэм я щытыкІэм теуухуа кьэпщытэныгъэ иригъэкІуэкІащ КъуэкІыпІэ-Каспий бассейн псы управленэм и унафэщым и кьуэдзэ, Іэнатіэм и республикэ кьудамэм и унафэщІ **Толгуров Малик**. Абы зэрыжиІамкІэ, нэхъ зыгъэгъазэвэ Іуэхугъуэхэм ящыщу псы Іуфэхэр пхъэнкІий ядаыпІэ зэращІыр. Кьуажэ, кьалэ округхэм я муниципалитетэм дыкъэзэыухъуреихь дунейр хьумэным хуэфащэ гулъытэ хуащІыркъым. Толгуровым кьыхигъэщащ псы объектхэм кьэрал кьэпщытэныгъэ яІэн, цІыхухэм щІыуэпсыр зэрахъумэм хэгъэхъуэн, а Іэнатіэм инвесторхэр кьешэлІэн зэрыхуейр.

Зэхьхьэм хэтахэм КъуэкІыпІэ-Каспий бассейн округым и псы гъэтІылъыгъэхэм я щытыкІэр зэрырагъэфІэкІуэну, кьаБзагъэр зэрызэтрагъэну щІыкІэм теухуа я Іуэху еплъыкІэхэр кьыхалъхьащ.

Зэхуэсым и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и унафэщІм и кьуэдзэ **Ерчэн Темболэт**.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Къуныжь Хьэчим и фІыщІэ

Щэжьэм куейм хьыхь Щхьэлыкъуэ кьуэжьэм и администрацэм и Іутащхьэ Къуныжь Хьэчим щытекІуащ ауэ мунципалитетым и кьыдэгъэзэпэщыныгъэхэм я Ч эпеуэу УФ-м Щыналъэ зыужьыныныгъэм и министерствэм ильэс кьэс иригъэкІуэкІым.

● Зэпеуэхэр

«КъБР-м и муниципальнэ кьызэгъэпэщыныгъэхэм я Совет» ассоциацэм и гъэзэщІакІуэ унафэщІ Маслов Николай хьыбар кьызэрыдигъэщІамкІэ, Щхьэлыкъуэ 2009 гъэм щрагъэкІуэжІа гъэжьыгъэм ипкъ итКІэ, республикэм кьыщыльытащ кьуажэ э нэхъыфІу. Абы кьыщІэкІыжьу дэ ар дгъэльэгъуащ урысейпсо эпеуэм хэтыну. «Эпеуэ ехъэщ Урысей Федерацэм и щыналъэ 71-м я муниципальнэ кьызэгъэпэщыныгъэхэу 450-м щІигъу. Дэ дыщІогуфІыкІ Къуныжь Хьэчим я псоми эратекІуэр», - кьыхигъэщхьэжьакІащ абы.

Къуныжь Хьэчим и псалъэхэм ятепщыхьмэ, эзпеуэм нэхъ гулытэшхуэ щыхуащІащ кьуажэм и экономикэ, социальнэ-зэнхабзэ зыужьыныгъэм, ЖКХ-м егъэщІылІа Іуэхуэхэр зэрыщІэзэрагъэкІым, гъэсныгъэ Іэпхъуэ я зэрыщІагъэкІуэкІым, зэчий зыбгъэдэлъ ныжьыжьыщІэм зэрыдэпльакІым.

2010 гъэм кьуажэм и псэукІэр егъэфІэкІуэным сом мелуани 7-м щІигъу трагъэкІуэдэну кьалытэ. Псальэм и хьэтыркІэ, мы зэрыщащэ щІыщІагъкІэнаугъэ щаухуащ, хуабэрэ псы щІыІэрэ зэрыкІуэ бжьамийкэр щІэзэрахьуэкІащ. Унагъуэ ныжьжьыщІэу тІум, апхуэдэу ныжьыжьэдыкъуэхэм я унагъуэхэу тІум псэупІэ сертификатхэр ирагащ. «Іэ сом мин 980-кІэ дыгъэ-Іэпыкьуфащ нэхъ хуэмыщІа кьуажэдэсхэм, спортсменхэм, зэчий зыбгъэдэлъ ныжьжьыщІэхэм, едгъэжьыгъащ кьытщІэхьуэ щІэбгъэр нэмыс хэлъу кьэдгъэтэрэжьным теухуа Іуэхуэхэр. Псальэм и хьэтыркІэ, цІыхухэм я гугъу кьинэжащ згъэса щыхьэм зэрыщІэлъ Урысей Ищэм и цІыхухэм я экономикэ, экологие, социальнэ зыужьыныгъэхэр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ **Уянаев Казым** псым ехьэлІауэ щыІэ Іуэху зэІущІэхэм я шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным гулъытэ зэрыхуащІым тепсэлъыхьащ. Абы кьызэрыкІугъащкІэ, КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсен и унафэкІэ, мы гъэм псы Іуфэхэр гъэпсыным ехьэлІауэ лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІащ. Шынагъуэншагъэр кьызэрагъэпэщащ, ауэ ар нэсу зэфІахьи щхьэкІэ, метр 650-рэ хъу, псы Іуфэр зыгъэбдэд дамбэ яухуэну кьапэщылъ. Уянаевым зэрыжиІамкІэ, республикэм и унейуэ ялыта, псори зэхэту километри 140-рэ хъу псы быдапІэ уухуэныгъэу 70-м щІигъуи щыщу 48-р федеральнэ Іуэхущапіэм и Іэмыщ1э иль псыежэхэм тращыхьащ. Апхуэдэу щыщІкІэ, зи гугъу тщІы гидротехникэ ухуэнагъэхэр псы гъэтІылъыгъэхэмкІэ федеральнэ Іуэхущапіэм етыжьн хуейуэ вишепремьерым кьелъытэ.

КъБР-м и псы гъэтІылъыгъэхэм я щытыкІэм теуухуа кьэпщытэныгъэ иригъэкІуэкІащ КъуэкІыпІэ-Каспий бассейн псы управленэм и унафэщым и кьуэдзэ, Іэнатіэм и республикэ кьудамэм и унафэщІ **Толгуров Малик**. Абы зэрыжиІамкІэ, нэхъ зыгъэгъазэвэ Іуэхугъуэхэм ящыщу псы Іуфэхэр пхъэнкІий ядаыпІэ зэращІыр. Кьуажэ, кьалэ округхэм я муниципалитетэм дыкъэзэыухъуреихь дунейр хьумэным хуэфащэ гулъытэ хуащІыркъым. Толгуровым кьыхигъэщащ псы объектхэм кьэрал кьэпщытэныгъэ яІэн, цІыхухэм щІыуэпсыр зэрахъумэм хэгъэхъуэн, а Іэнатіэм инвесторхэр кьешэлІэн зэрыхуейр.

Зэхьхьэм хэтахэм КъуэкІыпІэ-Каспий бассейн округым и псы гъэтІылъыгъэхэм я щытыкІэр зэрырагъэфІэкІуэну, кьаБзагъэр зэрызэтрагъэну щІыкІэм теухуа я Іуэху еплъыкІэхэр кьыхалъхьащ.

Зэхуэсым и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и унафэщІм и кьуэдзэ **Ерчэн Темболэт**.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.



Росреестрым и Іэщ1агъэ1 - эксперт нэхъыщхьэ Ныр Мадинэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Электрон Іэмэпсымэм хуокІуэ

Къэрал регистрацэмкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ Федеральнэ Іуэхущапіэм и управленэм и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэр «электрон чэзум» хуэжьІуэу жьыдэжьру кьегъэсэбэп.

ЛъЭІУ тхыльхэр кьеІыжьых къудамэм илэжь Іуэхутхьбэзэхэр псори Іэмалыщ1эм хуагъэкІуащ. Абы ипкъ итКІэ, щыкуэрэ электрон чэзум яГъэуф. Иджы Іуэхущапіэм и Іуэхутхьбэзэ хуэныкъуэу екІуалІэжьу Іуэхущапіэм и Іэщ1агъэ1 нэхъыщхьэ **Эфендиев Эрменбий** дызэрыщІигъэгъуэзамкІэ, Іуэхутхьбэзэ зэхуэмыдэжэ зэрызэфІигъэкІыным тещІыхьауэ компьютерым щІыкІуэхэр чэзум егъэуф. Апхуэдэщ, псальэм папщІэ, «ЗыуэЗ щыт щхьэгъубжкэр», тхыльъ щхьэхуэхэр кьеІыхьным, кадастр учетым гъэувыным, ямыгъэІэпхъуэ объектыр учетым кьихьыжьным, зэкъуэкІынныгъэхэм я ресурсыр, кадастр учетыр, физическэ, юридическэ щІыхуэхэм хуэщІахэр, нэгъэщІэхэри. А Іуэхутхьбэзэхэр зэфІахьын папщІэ щхьэгъубжэ 15 кьызэІуахащ. Абыхэм щыхуэхэр зыхуеинэну Іуэхугъуэхэм щыхагъэгъуэзэ, тхыльхэр щагъэхьэзыркІэ зыхуеину псорн щыгъуразыІуэ, нэгъэщІ дэІэпыкъуныгъэхэри щрат. Апхуэдэу щхьэгъубжкэ щхьэхуэхэм я щыкІэ чэзыр зыльыдысыныхэр щатх. Иужьыкіэ компьютерым зэхэщІыкІыныгъэу икІи псоми зэхахьу чэзыр зыльыса номерымрэ ар зэкІуэлІэну щхьэгъубжкэмрэ жеІэ.

Электрон Іэмалым- зэрыхуэкІуэрэ Іуэхущапіэм чэзыр щыщІэтрихьэжьыкъым, щыхуэхэри хуащІэ Іуэхутхьбэзэхэм арэзы тохьуэ. КьищыжьмыщІауэ, щыхуэхэм хуащІэ Іуэхутхьбэзэхэр иджы махуэм зэпагъэуркъым. Абы и фІыгъэкІэ, закъыхуэзыгъэзэхэм я тхьытхэм нэхъ псынщІэу хопльэ икІи Іуэхур зэман кІэщІым зэфІагъэкІ.

Къэрал Іуэхутхьбэзэ хэр щыхуэхэм зэрыхуэдэ щІыхь щхьэхуэхэм яІэ хэхъуэхэм я нэхъыбапІэм ахъшэу кьапэкІуэр нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ нэхъыбэ хъуащ.

Мусуков Алий зэрыжиІамкІэ, налогхэр кьыхэхьным и пъэныкъуэкІэ щІыхь щхьэхуэхэм яІэ хэхъуэхэм папщІэ зэрыхьэрыхьар. Абы кьегъэльагъуэ лэжьапІэ Іэнатіэхэм я бжыгъэмэ лэжьапщІэмэ зэрыхэхьуэр.

Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкІэ, финансхэмкІэ и комитетым и унафэщІ Ахъуэжь Кьанцубий кьыхэхуэсахэр щыгъуаза ищІащ КъБР-м и Парламентым и дежи кризисым пэщІэтыныжмкІэ кьыщыхэзрагъэпэща комиссэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм. Абы хохьэ Іуэхум кьегъэщІыла комитетэм, министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм, жылагъуэ зэгуэныгъэхэм я лІыкІуэхэр. Комиссэм зэрымыуцуэ къепщытэ республикэм щыІэ финанс, экономикэ щытыкІэр икІи КъБР-м и Парламентым и полномочиехэм кьриубыдэу комиссэм хэтхэм зэкъатьхэ зэрыщысым и Іуэхьэр кьыхэзгъэкІынымкІэ нэхъ щІегъэщапхъэу кьаІатІэ Іуэхуэр.

Федеральнэ налог кьулыкъущапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и Іуэхдэр Сарбашевэ Светланэ акъыІэгъу хъуащ УФ-м и адрей субъект куэдым елытауэ КъБ-бэрдей-Балькъэрыр кризисым нэхъ тыншу кьыщэхуэхІам текуэдиз кьэпсэльхэм жаІахэмкІэ. Ауэ, дауэ щымытми,

● Пшыхьхэр

И гъащIэр мащIэми, и гуащIэр инт

КъБР-м и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм щагъэлъэпIащ Щоджэнцыкlу Алий къыззэралъхьэ илъэси 110-рэ щрикlу махуэр. Ар къызэlуахырэ єзыгъэкlуэкlари КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан щ.

ЩОДЖЭНЦЫКIУ Алий и пшыхьым кырихьэлIэхэм фIэкIуус псалъэкIэ захуигъэза нэужь, абы утыкум хуит хуищIащ КъБР-м и Президент Къа нокъуэ Арсен. КъБР-м и Правительствэм, Парламентым къабгъэдэкIыу абы кьыззэхуэса псоми захуигъэзащ.

- Нобэ дэ догъэлъапIэ адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа, ди лъэпкъым и цыху нэсу щыта Щоджэнцыкlу Алий кыщалъхуа махуэр, - жиIащ Къанокъуэм. - Тщыгъупщэ хьунукъым пшыхьыр зыт еухуа цыхуэшхуэм къытIухуищIар, абы и гъащIэр гугъуехьымрэ хьэзабымрэ хэмыкIыу з эрихьар. Езыркъытхэмытыжми, абы кьыгъхуигъэна щIэинымнобэ дыхопсэукI. Япэ дыдэу еджапIэ дыщыкIуа махуэм кьыщыщIэдзауэ Алий и тхыгъэхэр дэ ди гъэкIуэ щIэныгъэ зригъэгъуэтын, и лъэпкъым, и бзэм хэзгъэлэжьэн. Ар тхакIуэу щымытамрэ, тхыдэм кьыхэнэнут еджапIэ Iуэхуэхэр кьыззэзыгъэпэща, щIэныгъэншагъэр гъэкIуэдыным ерыщу пэщIэта цыхуу.

Тырк ум кьикIыжа нэужь, ар яхэтащ Къэбэрдеим адыгэбзэкIэ газет кьыщыдэгъэжьыныр зэтезыублахэм, иужьыб егъэ джакIуэу, курыт еджапIэм и инфэщIу, лъапIэ щIэныгъэм и инспектору лэжьащ. БзэщIэныгъэлIхэм я гъусэу ар елэжьащ адыгэбзэм папщIэ алфавит зэхэлъэхьэным, адыгэбзэкIэ ялэ тхыльхэр кьыдэгъэкIыным. Щоджэнцыкlу Алий адыгэ усыгъэм и лъабжьэр игъэтIылъащ. Апхуэдэу гукъинэщ абы и прозэрэ. Ахэр Iуэхугъуэ кудэ кьызэщIэзыубыдэщ, езым гупсысэ куу зэриIэр, и лъэпкъым и кьэкIуэным зэрытегущыIэхьыр къэзыгъэлъагъуэщ абы и лэжьыгъэхэр. ТхакIуэм и тхыгъэ купщIафIэхэу «Мадинэ», «Кьызбрун», «Щымахуэ жэщ» поэмэхэр, усэу тха «Къамботрэ Лацэрэ» романыр, и рассказхэр ди литературэм и гъэтIылъыгъэ хьуащ.

1934 гъэм Налшык кьалэ кьэIэпхьуа нэужь, Алий щыIэжьащ республик эм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм. Абы ныбжьыщIэхэм я гъэсэныгъэм мыхьэнэшхуэ иритырт. ТхакIуэшхуэм и нэIэ зытетхэм ящыщ Кlыщокъуэ Алим, Кулиев Кьайсин, Гуртуев Берт, Теунэ Хьэчим, Шортэн Аскэрбий, Отаров Чэрим, Кlуащ БетIал сымэ, нэгъэущIэхэр. Абыхэм Алий и деж тхэкIэ кьыщащIа къудейкьым, атIэ лъэпкъым, хэкум хуиIэн хуей лъагъуныгъэм и инагъри захриГъэщIащ.

Щоджэнцыкlу Алий и тхыгъэхэр урысыбзэкIэ зэрадэхэкIын щIадза нэужь, къэрал псом цIэрыIуэ щыхьуащ. Абы и тхыльхэр куэдрэ кьыщыдэкIащ Налшык, Москва кьалэхэмэ. Езыми зэридзэкIырт урыс литературэм и классикхэм я тхыгъэхэри.

КъБР-м и Президентым, и псалъэм и кIэухыу, кьыззэуса, Iуэхур кьадзэкIыгъа псоми фIыщIэ яхуищIащ.

КъыкIэлъыкIуэу кьэпсэльащ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и творческэ совет нэхьыщхьэм хэт, жылагъуэм ядэлэжьэнымкIэ Москва кьалэм и зэгухьэныгъэм и правленэм и секретарь Дагуров Владимир. Абы и псалъэм кьыхихгъэщащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр цыхуэм зэи зэращымыгупщэнур. Ар гукIи псэкIи цыхубэм хуэлэжьа тхакIуэшхуэу зэрыщытыр.

Бедзрус республикэм щыщ, Бобруйск кьалэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Маликовэ Галинэ кьыщыпсальэм кьыхихгъэщащ зэхьихьэм кьыззэрыхихьэлIар зэрригуапэр. Абы жиIащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зэрихьэу Бобруйск библиотекэ зэрыщыIэр, кьалэм дэт нэгъуэщI библиотекэхэм ящыщ щыи Алий теухуа музей зэрыщагъэлажьэр. Щоджэнцыкlур и лъэпкъым, хэкум хуэпэжу зэрыщытыгам и зы щапхьэу Маликовэм жиIащ: «Гъэру яубыдауэ нэмыщIэуIэм щисым, Алий ди бийхэм кьыжраIат я цIэ фIыкIэ игъэIуу зыгуэр нтхмэ, ар хуит кьащIыжыну. АрщхьэкIэ и хэкум епцIыж нэхьрэ лIэми нэхъ кьищтащ. Ар хэкупсэ нэст».

Зэхьихьэм кьыщыпсэльащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI КхъуэIуфэ Хьэчим.

- Псалъэ дахэ, гуапэ кудэ зэхэтхащ дэ ныщхьэбэ икIи схужы. Iэнуэным ахэр фэрыщIагъыу, а псалъэхэр гумрэ псэмрэ кьыззрыбгъэдэкIыр наIуэщ. Ар зытелэжьари зыщIэхьэупсари лъэпкъыр кьиIэтыныгъ, зыхэта кIыфIыгъэм кьыхишыныгъ. Нобэ диIэ хъуа зыужьыныгъэм дыхуишэныт Щоджэнцыкlур зыщIэхьэупсар. Абы и щапхьэу кьэсхьыну сыхуейр «Нырес си псальэр уи деж» усэр. Алий щыгугъырт и тхыгъэм еджэм абы и псальэхэр зэхихьыну. Щоджэнцыкlум и IэдакъэщхьэкIэр бзэм пьэгуныгъэ хуохьыгъэщIу. Ар усакIуэ кьудейтэкъым, атIэ пэкьым и телъ хьэт, цIыхубэр абы кьыхуезыджэт, - кьыхихгъэщащ Кхъуэлуфэм. И псальэм и кIэм абы фIыщIэ яхуищIащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр цIыхум зэи зэращымыгупщэнур. Ар гукIи псэкIи цIыхубэм хуэлэжьа тхакIуэшхуэу зэрыщытыр.

Бедзрус республикэм щыщ, Бобруйск кьалэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Маликовэ Галинэ кьыщыпсальэм кьыхихгъэщащ зэхьихьэм кьикIа хьэзрыщыIэр, кьалэм дэт нэгъуэщI библиотекэхэм ящыщ щыи Алий теухуа музей зэрыщагъэлажьэр. Щоджэнцыкlур и лъэпкъым, хэкум хуэпэжу зэрыщытыгам и зы щапхьэу Маликовэм жиIащ: «Гъэру яубыдауэ нэмыщIэуIэм щисым, Алий ди бийхэм кьыжраIат я цIэ фIыкIэ игъэIуу зыгуэр нтхмэ, ар хуит кьащIыжыну. АрщхьэкIэ и хэкум епцIыж нэхьрэ лIэми нэхъ кьищтащ. Ар хэкупсэ нэст».

Зэхьихьэм кьыщыпсэльащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI КхъуэIуфэ Хьэчим.

- Псалъэ дахэ, гуапэ кудэ зэхэтхащ дэ ныщхьэбэ икIи схужы. Iэнуэным ахэр фэрыщIагъыу, а псалъэхэр гумрэ псэмрэ кьыззрыбгъэдэкIыр наIуэщ. Ар зытелэжьари зыщIэхьэупсари лъэпкъыр кьиIэтыныгъ, зыхэта кIыфIыгъэм кьыхишыныгъ. Нобэ диIэ хъуа зыужьыныгъэм дыхуишэныт Щоджэнцыкlур зыщIэхьэупсар. Абы и щапхьэу кьэсхьыну сыхуейр «Нырес си псальэр уи деж» усэр. Алий щыгугъырт и тхыгъэм еджэм абы и псальэхэр зэхихьыну. Щоджэнцыкlум и IэдакъэщхьэкIэр бзэм пьэгуныгъэ хуохьыгъэщIу. Ар усакIуэ кьудейтэкъым, атIэ пэкьым и телъ хьэт, цIыхубэр абы кьыхуезыджэт, - кьыхихгъэщащ Кхъуэлуфэм. И псальэм и кIэм абы фIыщIэ яхуищIащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр цIыхум зэи зэращымыгупщэнур. Ар гукIи псэкIи цIыхубэм хуэлэжьа тхакIуэшхуэу зэрыщытыр.

Бедзрус республикэм щыщ, Бобруйск кьалэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Маликовэ Галинэ кьыщыпсальэм кьыхихгъэщащ зэхьихьэм кьикIа хьэзрыщыIэр, кьалэм дэт нэгъуэщI библиотекэхэм ящыщ щыи Алий теухуа музей зэрыщагъэлажьэр. Щоджэнцыкlур и лъэпкъым, хэкум хуэпэжу зэрыщытыгам и зы щапхьэу Маликовэм жиIащ: «Гъэру яубыдауэ нэмыщIэуIэм щисым, Алий ди бийхэм кьыжраIат я щIэ фIыкIэ игъэIуу зыгуэр нтхмэ, ар хуит кьащIыжыну. АрщхьэкIэ и хэкум епцIыж нэхьрэ лIэми нэхъ кьищтащ. Ар хэкупсэ нэст».

Зэхьихьэм кьыщыпсэльащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI КхъуэIуфэ Хьэчим.

Пшыхьыр ягъэдэхащ «Кабардинка» къэрал академическэ кьэфакIуэ ансамблым, Музыкэ театрым и лэжьакIуэхэу Шэрджэс Iэсиятрэ Батыр Мухьэдинрэ, КъБР-м щыхь зиIэ и артист Хьыжькокъуэ Сультан сымэ, нэгъэущIэхэм.

БАЦЭ ФатIимэ,
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Цыху IэпщIэлъапщIэ

● Гъэзэджэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Урысей Федерацэм и цIыхубэ IэпщIэлъапщIэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ республикэм и мызакъуэу, Владикавказ, Краснодар, Мейкъуапэ, Москва къэлэхэм, Тыркум, Франджым, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэхэм зи лэжьыгъэр къыщацIыхуа Пlаз Александр и выставкэ КъБР-ми ПлъэпкI музеим щокIуэкI.

АР КЪЫЩЦЫЗЭIУАХ махуэм музеим и пэшым цIыхур щIэст. Щэнхабзэм, гъэзэджэм и лэжьакIуэхэр куэду къызэкIуэпIа зэхьихьэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ а Iуэхущ Iапи эм и унафэщI Накъэ Феликс.

Къызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIри, ар тепсэльыхьащ Пlаз Александр и IэдакъэщхьэкIэм. Абы къыхигъэщащ Александр и зэфIэкIым пщIэшхуэ зэрыхуащIыр, абы гъуэзджэм и тхыдэр зэригъэбейр.

Зэхьихьэм япэу псалъэ иратащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан:

- Нобэ дыкъыщIызэхуэса Пlаз Александр ди налкъутналмэсу жысIэкIэ сыщыуэну къыщIэкIынкъым. Абы и лэжьыгъэхэр щэнхабзэр зыгъэбжьыфIэщ, ар льагъу зы Iэтщ- жиIащ министрым. - Си гугъэщ къызэхуэса псори абыкIэ арэзы къыздэхъуну. Александр и IэдакъэщхьэкIэр дуней псом къыщацIыху. Сыхуейр абы и ехъулIэныгъэхэм иджыри хигъэхъуэну.

КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкlэ и комитетым и тхьэмадэ, Кавказ Ищхьэрэм гъуэзджэмкIэ и институтым и ректор Рахаев Анатолий къыщыпсальэм къыхихгъэщащ мыпхуэдэ зэхьихьэ дахэ къызэрырихьэлIар зэригуапэр.

- Илъэс 40-м щIигъуауэ сэ Пlаз Александр соцIыхури, ди зэнэбжьагъуэгъэ согъэльапIэ, езым пщIэшхуэ хуэощI. Ар Iэзагъышхуэ зыбгъэдэлъ, лъэпкъым и щэнхабзэр зи псэм хэлъу псэу, зи лэжьыгъэхэм ар къыхэзыгъэщыф цIыху IэпщIэлъапщIэщ. Абы и пыкъуэгъу, джэгуакIуэхэм зэпеуэр зэрекIуэкIыну щIыкIэр, хабзэхэр гупхэм гурагъаIуэри, зэхьеззэхуэм щIадзащ.

Абы щызэщхьэщыхат адэхэми, анэхэми, сабиIхэми ягъэзэщIэн хуей къалэнхэр. Псалъэм папщIэ, адэр лъакъуэрыгъажэм тесу здэжэм обручхэр Iунэхэм фIидзэурэ яубзыхуа щIыпIэм нэсырт, лъэсу кIиргъэзэжырт, ахэр кьыфIихьыжурэ. АпщIондэху ныбжьыщIэм топищ зэуэ иНыгъыу жэн хуейт. Анэм и Iуэхури тыпщтэкъым - теннис зэрыджэну топ цIыкIур бжэмышхым ильу ихьу апхуэдэуи къэкIуэжьын хуейт. Абы щыгъуэми, джэгуакIуэхэм лъэпощхьэпохэр къагуПсысырти, Iуэхур куэдкIэ нэхъ гугъу ящIырт.

Апхуэдэу зэмылIэужьыгъуэ куэду зэпеуащ, унагъуэхэр. УмыгъэщIэгъуэн пльэкIыртэкъым ятыныкъуэхэм деж адэ-анэм нэхърэ сабийр нэхъ Iэрыхуэу, жэру къызэрыщIэкIыр.

Зэпеуэм и кIэух Iыхьэм цIыкIухэм я творческэ зэфIэкIри ягъэлъэгъуэну хуэсакъыну - абыхэм я унагъуэхэм я сурэтхэр ящIащ.

Зэхьеззэхуэ щыхьхьIэ, хэти нэхъ жанщ, хэти нэхъ къыкIэрпеу, ауэ КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэм я унагъуэхэм я зэпеуэм щытекIуар... Зэныбжьэгъугъэрщ. Псори зэщIыгуфIыкIыу, зэхуэзэрэзыуэ зэбгрыкIыжащ джэгум хэтахэр. Унагъуэхэм я нэхъыщIэ цIыкIухэм лъакъуэрыгъажэ зыриз тыгъэ хуащIащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Спортым дихьэх унагъуэхэр

● Зэхьэзэхуэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зэпеуэ гъэщIэгъуэн щекIуэкIащ.

КъБКъУ-м и профсоюз зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкIа зэхьеззэхуэм - «Папэ, мамэ, сэ - дыспорт унагъэщ» зыфIащащ - хэтащ университетым и егъэджакIуэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ.

НыбжьыщIэм и Iэдакъэщхьэкlэ, зэпеуэр тетхуауэ щытащ КъБКъУ-м щылажьэхэр физическэ щэнхабзэм, спортым дегъэхьэхьыным, я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр дбы хухахыным, апхуэдэ щIыкIэкIи я узынщагъэр хъумэным къыхуеджэным.

КъБКъУ-м Физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и факультетым и пэщ нэхъ иным щызэIущIащ гуп 12.

Зэхьеззэхуэр езыгъэкIуэкI, «Амикс» гупым и унафэщI Къул Амир къэпщытакIуэхэр къызэхуэсахэм яригъэIуIыхуа нэужь, зэпеуэнуэхэр учтыкум къришащ. Абы и лэжьыкъуэгъу джэгуакIуэхэм зэпеуэр зэрекIуэкIыну щIыкIэр, хабзэхэр гупхэм гурагъаIуэри, зэхьеззэхуэм щIадзащ.

Абы щызэщхьэщыхат адэхэми, анэхэми, сабиIхэми ягъэзэщIэн хуей къалэнхэр. Псалъэм папщIэ, адэр лъакъуэрыгъажэм тесу здэжэм обручхэр Iунэхэм фIидзэурэ яубзыхуа щIыпIэм нэсырт, лъэсу кIиргъэзэжырт, ахэр кьыфIихьыжурэ. АпщIондэху ныбжьыщIэм топищ зэуэ иНыгъыу жэн хуейт. Анэм и Iуэхури тыпщтэкъым - теннис зэрыджэну топ цIыкIур бжэмышхым ильу ихьу апхуэдэуи къэкIуэжьын хуейт. Абы щыгъуэми, джэгуакIуэхэм лъэпощхьэпохэр къагуПсысырти, Iуэхур куэдкIэ нэхъ гугъу ящIырт.

Апхуэдэу зэмылIэужьыгъуэ куэду зэпеуащ, унагъуэхэр. УмыгъэщIэгъуэн пльэкIыртэкъым зэныкъуэхэм деж адэ-анэм нэхърэ сабийр нэхъ Iэрыхуэу, жэру къызэрыщIэкIыр.

Зэпеуэм и кIэух Iыхьэм цIыкIухэм я творческэ зэфIэкIри ягъэлъэгъуэну хуэсакъыну - абыхэм я унагъуэхэм я сурэтхэр ящIащ.

Зэхьеззэхуэ щыхьхьIэ, хэти нэхъ жанщ, хэти нэхъ къыкIэрпеу, ауэ КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэм я унагъуэхэм я зэпеуэм щытекIуар... Зэныбжьэгъугъэрщ. Псори зэщIыгуфIыкIыу, зэхуэзэрэзыуэ зэбгрыкIыжащ джэгум хэтахэр. Унагъуэхэм я нэхъыщIэ цIыкIухэм лъакъуэрыгъажэ зыриз тыгъэ хуащIащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*



● Бэнэкlэ хуит

Илъэсыщ Iэм дыщогугъ

Урысей Федерацэмрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ бэнэкIэ хуитымкIэ и командэ кьыхэхахэм я зэIущIэ щIыкIыблагъэ США-м щекIуэкIащ. Абы хэтащ икIи ди къэралым текIуэныгъэр кьыхихьащ Мащэжь Расул. Ар Бахьсэн куейм кьыхьэ Iсльэмен къыхьажэм дэт «Вымпел» спорт клубым и гъэсэнщ.

КОМАНДЭ кьыхэхахэм я япэ зэIущIэр США-м и Айовэ кьалэм щекIуэкIащ икIи бжыгъэр 6:1-уэ бысымхэр текIуащ. Кьыхэдгъэщынщи, Урысейм и гуп хэкам и текIуэныгъэ закъэр кьыхуэзыхьар килограмм 55-рэ кьэлъагъэ зиIэ гупым щыбанэ Расулщ. Мащэжьым и хьэрхуэрэгъуу щытащ Америкэм и чемпион Обе Бленс.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэм спортсменхэр щызэхуэщащ Олбанс къалэм. Зэхьеззэхуэр ди бэнакIуэхэм я текIуэныгъэкIэ зэхаублащ. Утыкум япэу кьихьа Мащэжь Расул зэпеуэм кьэрихьэлIаХэр зыгъэкьуа Iэмал екIуэкмкIэ хигъэщIащ дунейпсо чемпионатхэм я призер, бэнакIуэ щIэрыIуэ Ден Денис. Апхуэдэ екъуIэныгъэм игъэгушхуа Урысейм и спортсменхэм зыкьызэкъуахри, Америкэм и бэнакIуэхэр хагъащIащ икIи 5:2-уэ текIуэныгъэр зыIэрагъжьащ. США-м и спортсменхэм телъыджэ ящыхъуащ Мащэжьым и бэнакIэр.

Гуапэщ Урысей Федерацэм и щIыхьыр зыхъуэмэну утыкум кьихьахэм ящыщу тIэунейрэ текIуэныгъэ къэзыхьар зэрыадыгэщIалэр. Абы икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ икIи ди бэнакIуэ Мащэжь Расул и зэфIэкIым адэкIи хигъэхъуэну, дуней псом льагапIэщIэхэр щызыIэригъэхьэну дыхуейщи, Тхьэм къыхуэпищэ!

БэнакIуэр зэIущIэхэм хуагъэхьэзыращ категорие нэхьыщхьэ зиIэ тренер Мэршэнкъул Тимур, Урысейм щIыхь зиIэ и гъэсакIуэ Тембот Анзор сымэ.

«Вымпел» спорт клубым и унафэщI Мальсагов Султанрэ спортсменым и тренер Мэршэнкъул Тимуррэ щыгъуаз дыззращIамкIэ, мы зэманым Расул зыхуэгъэхьэзыр Ярыгин Иван и фэеплъу 2011 гъэм и щышылэм Красноярск щызэхэтыну Гран-при «А» дунейпсо зэIущIэм.

Спортсменми тренерэми фIыщIэ лей хуащI сыт щыгъуи мыпкукIэ закъыщIэзыгъакъуэ, клубым зи пIэ тет Къэдзэхуэ Альберт.

Фигу къэдгъэкIыжьыщи, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм дэрэ зэпыщIэныгъэ быдэхэр илъэс зыбжанэ хъуауэ зэхуэдIэщ. Мы къэм гьатхэпэм и 9-м «Папышьк» спорт комплексым щызэIущIауэ щытащ Урысей Федерацэмрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ бэнакIэ хуитымкIэ и командэ кьыжьахэр. Ар къызэрагъэпэщат УФ-мрэ КъБР-мрэ Спорт бэнэкIэмкIэ и федерацIэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и Администрацэмрэ.

УАРДЭ Жантинэ.

● Гукъэкlыжхэр

Куп Исмел-хьэжым и дерсхэр

Ди къуажэ, Зеикъуэ, ефэнды щIэрыIуэ гуэр дэсащ. Зи гугъу сщIыр Куп Исмелщ (1861 - 1963). ПщIэшхуэ зиIэ щIыхут ар. Хьэж ищIати, Исмел-хьэжькIэ еджэрт, щIэныгъэшхуи бгъэдэлът. Каир дэт Ал-Азхэр мусылъымэн университетыр къуихуауэ.

МЭРЕМ махуэ кьэс жэмыхьэтым я пащхьэ иувэрти, Исмел уаз итырт. 1933 гъэм, гъатэ мазэу, сэри зэхэсхыгъащ Купым мэжджытым щита уазыр. Ар хьэжы жьакIуэт, и псалъэр гъэхуат, цIыхур зригъэдэIуэн хуеймрэ зэригъэущынымрэ фIыуэ ищIэрт. Мэрем нэмэз кьэс цIыху Iув щызэхэсырт мэжджытым - Купым и уаз Iущым едэIуэн папщIэ. Исльам диныр кьыззрежьам, абы зыхуриджэм цIыхур щыгъуаззэ ищIа нэужь, адыгэ хабзэхэм я гугъу имыщIауэ мэжджытым кьыщIэкIыжьнытэкъым.

- Ди адэжьхэм дахуэфащэу дыщытыпхъэщ, - жиIэрейт абы,- щIэблэр нэхъыжьхэм я щапхьэм кьыщIэдгъэтэджэн хуейщ. Дызэрыгъуэгъэ, зыр зым дыкьыдэщIмэ, дызэрымыгъэкIуэдмэ, ди гъуррэ цIынэрэ зэрыщIэмэ, цIыхугъэ кьыздадгъэгъуэмэ, итIанэщ ди гъунэгъу лъэпкъэм пщIэ кьыщIэхуащIынур. Нэхъыжьхэр дгъэлIапIэмэ, нэхъыщIэхэр фIым хуэдущиймэ, абы иужькIащ адыгэкIэ укъыздэджэ щIыхъунур. Ди щIэблэм зыщремыгъэгъупщэ ар.

Исмел-хьэжы и псалъэр я фIэщ хъурт жьылэдэсхэм, я тхьэкIумэ тегъэхуауэ едэIуэрт.

Сигу кьинауэ сощIэж абы и уазхэм ящыщ зы.

- Куэд си нэгу щIэкIащ сэ, гъащIэм и Iэфи и дыджи слъэгъуащ, - жиIэгъащ Купым, жылэм я пащхьэ иувэри.- СощIэж революцэм и пэкIэ цIыхум яшэчу щыта бэлъхьыр. Нобэ солъагъу цIыху щыкIуэ щхьэхуит зэрыхъуар - абы ущымыгуфIыкIыпIэ иIэ! Я щхьэр хуит хъун папщIэщ цIыхухэр революцэм щIеувэлIар, ар кьабыл щIащIар. Абыкlэ щыуакъым ахэр.

ФщIэжьркъэ абы и пэкIэ дызэрыпсэуар: ди щхьэ щыщIадгъэхьауэ, пащIыхьыкIи и кьулыкъущIэхэм ди нэр ямыгъапIэу, дызыхуит щымыIэу - апхуэдэ Iэнатlэщ дызыIутар. Нобэ араккъым: Упсэунымэ, зыми уиубыдынкъым, уи гуащIэ уемыблэжмэ, дэни пажьыгъэ Iэнатlэщ. Зыщщымыгъэгъупщэ: мылажьэ я гъащIэхэркъым - ар ди адэжьхэм кьызэранэкIа псалъэ Iущщ.

А псалъэр Куп Исмел щыжиIар колхозэхэр щаухуэ махуэхэращ. Абы щыгъуэ цIэрыIуэ дыдэ хьуауэ щытащ Зеикъуэ щызэхьыха колхозыр - цIыхум я гуащIэдэкIэ, я зэхэтыкIэкIэ, я мурадхэмрэ я гуращхэмкIэ. Къуажэдэсхэр псэукIэщIэм хуэзыджахэм, хуэзунэтIахэм ящыщащ Куп Исмел - и псалъэхэмкIэ, и уазхэмкIэ, и щапхьэкIэ.

Исмел цIыхум я пащхьэ щита уазыр мыпхуэдэ псалъэкIэ иухыгащ:

- Сыфхоплъэри, согуфIэ. Си щхьэр лъагэу солъагъуж. Фыжыджэрщ, зылI и быну фызэдолажьэ, зым Iэпыхуэр адрейм къищтэжу. Тхьэм фригъэфIакIуэ? Нэхъри фефIакIуэмэ, зыжьжьмэ, абы нэхъ гуфIэгъэ сыхуейкъым. Сыфхэплъэмэ, си лъэр жан мэхъу, си ныбжьыр хэкIуэтами, сывдэбэкъуэну сыхьэзырщ. Зыр зым ефыгъуэркъым нобэ, зы Iэхущ псоми зэдэвлэжьыр, ар кьыгуроIуэри, фи лъэр щIыщIэкIыр аращ. ФIыгъуэ влэжьмэ, фи щхьэращ зыхуэфщIыр - ар зэи зыщцымыгъэгъупщэ.

Уаз куэд щитащ Куп Исмелхьэжым жылэм я пащхьэм. ЦIыхум ящыгъупщащым ахэр нобэр кьыздэсым, гукъинэ зыщIащ.

Куп Исмел жьэнахуэт, цIыхур зригъэдэIуэфырт. Хьэжым жьыуэ зиужьырти, мэжджытым кIуэрт, и нэмэз уахъты блигъэкIыртэкъым. Мэрем махуэм Исмел уаз зэриты-нур ящIэрти, цIыху куэд щызэхуэсырт мэжджытым. Зэхуэса псоми ягу игъэзагъэрт - ефэндым - и псалъэ IущхэмкIэ, кьахуиIуатэ хьыбархэмкIэ.

ДЖЭДГЪЭФ Асльэмырзэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

●ГушыIэхэр

Апхуэдэ гъуэтыгъуэйщ

Анэр ильэситху хъу щIалэ цIыкIум йошхыдэ:
- Иджыри зэ уэрэну щIытмэ, е жысIэм укъемыдаIуэмэ, зыгуэрым сельэIунуэр, нэхъ жыIэдаIуэ щIалэ цIыкIукIэ укъэсхуэжьынущ.
- Зыри кIынкIынукъым абы, - жи Аслъэн.
- Сыт щхьэкIэ?
- Дэнэ апхуэдэ кIыздиплхынур, сабий Iэдэбыр кIуейщIейкIэ кIунхъуэжьынущ?

ПIури дыдей?

ЗэтIолъхуэныкъуэу шыпхъу цIыкIунтI кIызыхуалъхуа Инал и адэм йоупщI:
- Папэ, мыхэр псори къэнэну ди деж, хьэмэрэ дызыхуейр кIыхэтхын папщIэ кIыхаауэ ара?

Зыри жыпIэнтэкъым

И ныбжьэгъу щIалэ цIыкIум езэуауэ къыщIыхьэжа Марат и адэр йоупщI:
- Мыр сыт кIыпщыщIар? Мыпхуэдизу щхьэ зэфIэптхъа уи щIыгъынхэр?
- Сэ Хьэсэн сезэуащ.
- УгъэщIэгъуэнщ, хуабкъу. Иджы школым узэрыкIуэн фэмIтхьэгъуэщIэ кIыпхуэтщIэжьынкъым хуейщ.
- Хьэсэн пльэгъуэмэ, зыри жыпIэнтэкъым. Абы и адэм сабинщIэ кIыщэхуэжьынкъым хуейщ.

● Фэ фщIэрэ?

Унэм щIэтын хуейхэр

Кумбыгъэхэм кIыщыкI удэхэр. Аха́р сытым дежи унэгъащэм доIэпыкIу. И чэзум зыхуей хуэбгъаэмэ, унагъуэм иль энергетикэр зыхуэдэмкIэ сытым дежи хъыбар кIыхуагъэщIэнущ. Удэхэм я гъунэгъуэ уцыснэ, абыхэм я тхьэмпхэхэм уателъэщIыхьмэ, къаруущIэ кIыпхалхьэ, уи гур ягъэпсэху. Зыгуэрым фиIу щыхигъэщIым и деж удэ гъэгъахэм фабгъэдэтIысхьэмэ, куэдкIэ нэхъыфI фыхъунущ.

Псэущхьэхэм я теплъэ зиIэ хьэпшып цIыкIухэр. Абыхэм унагъуэр насыпныщагъэм щахъумэу, апхуэдэуи мыпхуу кIыхьэнымкIэ сэбэп хъууэ кIалытэ. Хьэм, мыщэм, кIапльэным, благъуэм цIыхур Iейм щахъумэу жаIэ. Апхуэдэуи фIыщ пыл теплъэ зиIэ хьэпшып цIыкIу унэм щIэтыну.

Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ Iэзэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэ Тхьэщыгъуей Жаннэ цIыхухэм я гукъыдэжыр кIыIэту илъэс зыбжанэ хъуауэ утыку итщ.

●ЦIыкIухэм факъыхуеджэ

ПыIэ щIэрыпс

Тхьэкlумэкlыхь шырыр, Бажэ шырыр, Жыгыlуlур хуейм деж щызэхуэсауэ зэдаурт, хэт нэхъ дахэми зэхагъэкlыну.

Тхьэкlумэкlыхь цIыкIур пхъэ дакъэм дэлэйри:

- Сэ сщыгъажьгъэщыгъуэр схъуэжащ. Фльагъуркъэ, иджы ар хужьыбзэщ, щIэрыпсщ, щабэ дыдэщ, - жиIащ абы.

Бажэ шырми абы зыкъыкIэригъэхуакъым. Ари пхъэ дакъэм теувэри, жиIащ:

- Сэ пыIэ цIыплъ цIыкIу сиIэщ.

Жыгыlуlм и пэ быдэмкIэ пхъэ дакъэм еуIури, зигъэпэхъашэу жиIащ:

- Сэ си пыIэ плъыжь цIыкIур посм нэхърэ нэхъ дахэщ.

Зэныбжьэгъухэр пшапэр зэхэуэху зэдзуащ. КIыфI щIыхъуи, Бажэ шырыр и гъуэм ильэдзажащ. ТхьэкIумэкIыхь шырым чыцэм зыхигъэпщкIуэжащ, Жыгыlуlур жыг гуаIэм итIысхьэжащ. Iэгъуэблагъэм кIынар пхъэ дакъэм и закъуэщ.

Пщэдджыжьым аргуэру хуейм дежи щызэхуэсащ зэныбжьэгъуищри, я зэдаузм пащэжыну. Ауэ пхъэ дакъэр къыщалъагъум щыри щым хъуахэщ. Жэщым къеса уэсым къызэрымыкIуэу, пыIэ дахэт пхъэ дакъэм щитIэгъар. Ар ауэ къызэрыгуэкIтэкъым - уэс пыIэр хужьыбзэт, зэщIэпщIыпщIэрт.

- Сыту насыпыфIэ пхъэ дакъэр! - жаIэу зэбгрыкIыжащ зэныбжьэгъухэр.

СЕДУГИН А.
Зэзыдзэкlар
МЭЛЕЙ Фатlимэщ.

●ЦIыхухэм я гупсысэхэр

Лъагъуныгъэм и къарур

Цыхум и хьэл-щэным зебгъэхъуэжьын щхьэкIэ фIыуэ пльагъун хуейщ. ЛъагъуныгъэкIэщ ар уи жыIэм зэрыщIэбгъэдэIуфынур.

ПЕСТАЛОЦЦИ Иоганн,
швейцар гъэзджакIуэ.

ЗызымыцIыхужьым нэгъэущI цIыхур зэи кIыхъуэцIых унукым.

ЧЕРНЫШЕВСКИЙ Николай,
урыс революционер.

ЦIыхуитIыр зэпэгъунэгъу хъуныр, зыр зым гуакIуэ щыхъуныр зэлъытар акъылым и закъуэкъым, атIэ гуми куэд иIыгъщ.

ЛАБРЮЙЕР Жан,
франджы тхакIуэ.

Зыри зигу иримыхь цIыхур куэдкIэ нэхъ насыпнышэщ, зыми ягу иримыхьым нэхърэ.

ЛАРОШФУКО Франсуа,
франджы тхакIуэ.

ЦIыхум пщIэ яхуэпщIынри уи щхьэ пщIэ хуэпщIыкъынри зыщ.

ГОЛСУОРСИ Джон,
инджылызы тхакIуэ.

Зым и гум адрейм фIы хуильыным нэхърэ нэхъ зэпэгъунэгъу узыщI щыIэу къыщIэкIынкъым.

ПУБЛИЛИЙ Сир,
урым усакIуэ.

●Псалъэжьхэр

Пэжым и гъуэгур бгъуфIэщ

♦**Узымыиыгъыну къудамэм утемыувэ.**
Адыгей.

♦**Зы гъэмахуэ махуэм щIымахуэ мазэ егъашхэ.**
Шэшэн.

♦**Куэд жызыIэ нэхърэ - куэд зыщIэ.**
Шапсыгъ.

♦**Узыхуей мывэр хьэлъэу къыпщыхъуркъым.**
Табасаран.

♦**Пэжым и гъуэгур бгъуфIэщ.**
Абазин.

●Чэнджэщхэр

Фэм къыхэщIыкIа Iэльэр вжьыщIынумэ

Шхын дэтхъэпIэхэм мэ гурымыхь къыдихыу хъуамэ, кофе тIэкIу дэфкIуэ, мэр кIуэдыжьынущ.

* * *

ХъумпIэщIэджым фыкъыгъэунэхуамэ, абы Iэмалыфl нIэщ. Абыхэм къыщIажьихь щIыпIэм деж лимоныфэ вгъэтIылъи, куэд дэмыкIыу загъэпщIыжьынущ.

* * *

Унэ кIуэцIыр зефхьэну къефкьэжьамэ, лъэгур сабыныпскIэ флъэщIи (зы псы литрым хуэзэу сабын грамм 20 - 30 хуэдиз), лэч кIэрыткIыми, тынщу кIэрыкIыжьынущ.

* * *

Фэм къыхэщIыкIа Iэльэр фIей хуэщ, сабыныпс щIыIэкIэ вжьыщI. Псы хуабэм фэр зэригъэпэнкIэ хъунущ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

ХЭТХЭР:

Сосрыкъуэ. Нарт щауэ екIуц.

Сэтэней. Сосрыкъуэ и анэщ. ЦIыхухэр щауэщ, и фащэр екIуц.

Нарт Хасэм хэтхэр. Мазэ ныкъуэу Iэнэ хъурей пэрысхэщ, хужьыкIэ хуэпахэщ, я жьакIи я щхьэцэи хужьщ, кIыхьщ. ЦIыс псоми я бжыгъэр 12 мэхъу. Абыхэм я щIыбым къыдэтщ Iуащхьэмахуэ къурш уэсыщхьэр.

(Сосрыкъуэрэ Сэтэнейрэ сценэм итщ зопсалъэри. Сосрыкъуэ ныбжькIэ щIалэщ, лъагъэкъым икIи лъахъшэкъым, ар къуданц. Абы хьэзыр зытемыда цей щыгъщ, Iэнэ хуэзэ кIэрымылъу, и бгым ищIар хъыджэбзапIэ къамэщ. Сэтэней адыгэ фащэ хужь щыгъщ, и хэдыкIыр дыжьыну. И щхьэцыр кIыхьщ).

Сэтэней: Лъэпщ гъуКIэпщIр дауэ щыг?

Сосрыкъуэ: Лъэпщ гъукIэпщIр ипщэм щытщ.

Сэтэней: Хасэм кIуэрэ?

Сосрыкъуэ: Нартыжь Хасэм ар кIуэрейщ.

Сэтэней: Сыт щIуатэрэ?

Сосрыкъуэ: ЗыхуиIуатэр гъэсрмыра, зыхуиIуатэр гъущIкIэращ.

Сэтэней: Ар сыт хуэдэу?

Сосрыкъуэ: Нартхэм лIыгъэу зэрахьахэр гъущIым хепщэ.

Сэтэней: Хы тIуащIэм икIыфам сыт ирищIэр?

Сосрыкъуэ: ГъущIу егъэжри, хыпскIэ епсыхьыж.

Сэтэней: ШыфI куэд къэзыхуфам сыт ирищIэр?

Сосрыкъуэ: ХуещI гъущI уанэ, ар къыщIыхьэмэ иритыну.

Сэтэней: Иныжь зыукIым дауэ хуущыт?

Сосрыкъуэ: Бжы хуеупс, и пэр гъущIу.

Сэтэней: Зи джатэ уэрейм-щэ?

Сосрыкъуэ: Зэблэхъу хуэхъуну нэгъэущI хуещI.

Сэтэней: Зи шабзэ техуэрейм?

Сосрыкъуэ: Шэпхъ куэду хуехъумэ.

Сэтэней: Зи уэрэд Iуам дауэ хуущыт?

Сосрыкъуэ: Уэрэдым уадэ теуэкIэ дожьу.

Сэтэней: УкIуэнт, Сосрыкъуэ, Нарт Хасэм?

Сосрыкъуэ: Си нэр кIыхуокI, си анэ дыщэ.

Сэтэней: Зэ уахъыхьми хъунт.

Сосрыкъуэ: Сахъыхьэу сахэпIэныну сыхуеят.

Сэтэней: ЗэгъащIэ Хасэ пIалъэр.

Сосрыкъуэ: ЗэзгъэщIэнщи, бжесIэжьынщ.

Ауэ, хэт а Хасэм сыхишэну?

Дауэ нарт хэм сахъыхьэну?

Сэтэней: Сосрыкъуэу си къуэ закъуэ, Сэ сыкIуэнщ нартхэ дежи Уи хъыбарыр яжесIэнщ, Нарт Хасэм ухапIэну Нартыжь псоми сельэIунщ. «КъакIуэ» жаIэмэ, си щIалэ, Уиш, уи джатэ хьэзырыххэщ. Уэ ущIалэщ, уамыцIыхууэ Нарт я Хасэ ухьыхьэныр СфIэигъуэджэщ, къезмыгъэкIуц. Нартхэ яIэщ ижь хабзэжьу Езы нартхэр зэмыджахэр Я Нарт Хасэм хамыгъэхьэу.

Сосрыкъуэ: Хъунщ, си анэ, уэ зэрыжьыIэщ.

(Сосрыкъуэ сценэм йокI, Сэтэней и закъуэу пэшым къыщIонэ. Ар гъуджэм кIэрытщ - зещI, зехцапэ, и щхьэцыр ежь. Нарт Хасэм кIуэнущи, зегъэхьэзыр.

●ЕджакIуэхэм папщIэ

Сосрыкъуэ Нарт Хасэм япэу зэрыкIуар

Сценэр кIыфI мэхъу, нэху мэхъужри: пэшыр итыжкъым, итыр Нарт Хасэращ.

Нарт Хасэр зэхэщ, Сэтэней къакIуэу щалъэгъум, псори зэщIотаджэ).

Зым жеIэ: Сэтэнейуэ да нарт гуащэ, Гуащэу щыIэм уранэхъ къабзэщ.

ЕтIуанэм: Хабзэу щыIэр тхуэзыгъафIэ,

ФIыуэ щыIэм урикъуэкIыпIэщ.

Ещанэм Уи къакIуэныр да Нарт Хасэм Фащэ ину Тхьэм тхуигъапсэ!

Сэтэней *(тэджа Хасэм нажрелэ):*

Фэ фи Хасэм си къыфхъыхьэр И пэр хъуэхъуу, и кIэр хъуэну,

Сэ сольаIуэ, Тхьэм имыщIкIэ.

Хасэм щIэсхэм *(я Iэхэр Iэтауэ):*

Ди Iэ миныр бдыдоIэт. Тхьэшхэм жиIэ уэ жыпIар.

Сэтэней: Фи Нарт Хасэм сэ си хъыхьэр КъызыхэкIри мыращ.

Хасэм щIэсхэм *(зыжьыу жаIэ):*

ЖыIэ, жыIэ, Сэтэней.

Сэтэней: Нартхэм фощIэ, сиIэщ щIалэ Ари и цIэр СосрыкъуапщIэу, Псалъэу жиIэм емыпщIыжу.

Хасэм щIэсхэм Сыту фIыт, сыту щIагъуэ!

Сэтэней: Сэ си гуапэт, нартыжьхъэ, Си къуэ закъуэу Сосрыкъуэр Фи Нарт Хасэм зыхэфIэну, Ар зэфпэсу фи IэнэкIэм, Хъуну щытмэ, вгъэтIысыну, Е нэхъыжьхэм къыфщхьэщыту Нарт хъыбархэр хуэзгъэIуну.

(Хасэм щIэсхэр зыр зым еплъыжа щIэж, загъазэри, псори тхьэмадэмкIэ маплъэ).

Тхьэмадэм: Уий, нартхэ, иIэт жыфIэт, Сэтэнейри зыщIэупщIэр, Фыз и упщIэм и пэдзыжьыр Пэрыт псалъэщ, псом нэхъапэщ.

Иэт, нартхэ, жыфIэт пэжыр, Сэтэнейри щывмыгъэтыт.

Хасэм щыщ зы къотэджри жеIэ:

Дэ ди хабзэкъым Нарт Хасэм Хэт и лъхугъи къетшалIэу, ЛIыуэ щыттэм и хъыбарыр Бэрэ Iунти, къетшэлIэнт.

Ар мэтIысыжри, нэгъуэщI зы къотэдж:

Батэ гуэри зымыгъабэ, Нобэ дэ къытхэткъым, нартхэ. Нартхэм яхуэмыфащэр, Зи фащэм дытемыплъар Дэ ди Хасэми хэсыну Дауэ ар къедгъэбдзэгъэн?!

Ар мэтIысыжри нэгъуэщI зы къотэдж:

Ижь-ижьыжкIэрэ нартхэм хабзэу ЯIар нобэ Тхьэкъутэнкъым. Бгыр зыкъутэу хым икIыфыщ Ди Нарт Хасэм къыхьхьэфыр. Уэ уи щIалэу Сосрыкъуэр Къуэм дэкIыф къудейуэ жаIэ,

Дэ сыт напэр диIэххэу Ди Iэнэхъуэ а уи куэрэр Къэдгъэтlысу зыдгъэIун, Е, бжэщхьаIум къытету Ди нарт напIэм къедгъэплъын!

Хьэуэ, хъункъым, Сэтэней, Хасэм нейкIэ укъыхэпльэу, Жырым хуэдэу плъэ ди нартхэм Уи къуэ цIынэр къыздэпшаIэу!

(Зэм плъыжь къэхъуу, зэми хужь хъужу щытта Сэтэней, нэщхъейуэ, и щIыби яхуимыгаэзу, къикIуэтурэ Хасэм и пащхьэ йокIыж).

(Сценэр кIыфI къохьири къыщыунэхужкIэ, Хасэр итыжкъым, итыр Сосрыкъуэщ, ар хопIэ, мэгупсысэри щысщ. И анэ Сэтэней къыщыщIыхьэжкIэ къотэджри пожьэ).

Сосрыкъуэ: Уий, си анэу Сэтэней, Сыту кудрэ укъэта, Сыту бэрэ угуаI ЖыIэт, жыIэт си анэ, Сыт гуфIэгъуэр къыхсухэпльа? Хъыбарыхьэ уэдэкIуами Сытхэр, си анэ, къыбжаIа?

(Сэтэней зыри жимыIэу, нэщхьейуэ щытщ).

Сосрыкъуэ Iэу! Си анэу Сэтэней, Хэт и ней къыщщыхуэт, ИIэт, иIэт, къызжеIэт.

Сэтэней: СызыдэкIуам и лъагъэр Гъуэгужь дыдэу нашэкъашэщ, Сэ сльэгъуам и жагъуэр Икъу-икъуэкIэ гутемыхуэщ.

Сосрыкъуэ: Сыт къэхъуар, си анэ?

Сэтэней: А си щIалэр щууфI хъун, Хъыбарыфl уэ къыпхуэсхьакъым.

Сосрыкъуэ: Уи жагъуэ къыщIа?

Сэтэней: А си нэхуу, щIалэфI хъун, Нарт лIыфIхэм уалъытакъым.

Сосрыкъуэ: Сыт жаIэу?

Сэтэней: ЖаIэ нартхэм ущIалэIуэу, УмыIуауэ лIыгъэкIэ.

Сосрыкъуэ: Хэт апхуэдэу жызыIахэр?

Сэтэней: Нарт Пэныкъуэ арщ жиIар, Нарт Гуэгуэжьи арщ кIыбжар, Арщ Нарт Пщаи къыпсэлъар.

Сосрыкъуэ: Уий, си анэу Сэтэней, Абы щхьэкIэ умыдзыхэ, Бий пэмыдзыхэу Нарт Хасэм Щы фIэкIа къахэмыкIамэ, Ар си дежкIэ куэдыщэкъым.

Сэтэней: Сэ сыдзыхэкъым, си щIалэ.

Сосрыкъуэ: Нэхъыбэ Iуи сиIами, Сэ сыгуэсу згъэзэнтэкъым. Сэ пхузоIуэр, Ущхъуэ лъэщкIэ, Езы Лъэпщи къэмыщтауэ Нартхэм сэ самыгъэщтэнкIэ.

Сэтэней: Лъэпщ къэщтэнкъым, си щIалэ, иумыгъэлей.

Сосрыкъуэ: Зы Iуэхугъуэ, IуэхугъуитIкIэ Нартхэм ауэ сабэкIынкъым, Нарт лIыгъэр здынэсыр Къэзмыщlауи сафIэкIынкъым.

(Сосрыкъуэ и анэм щхьэщэ хуещI, згъэщхъри, IуокIыж. Сэтэней сценэм йокI. Къинэр Сосрыкъуэ и закъуэщ, абы згъэзыхьэзыр Хасэм кIуэну. Саур уанэм толъэщIыхь, и джатэр быдэу и бым ирещIэ. Джатэр сампIэм кърепхъуэтри, сыныжь щытыр зэгуеупщIыкI. Шым и щыщ, и лъэ макъыр щыIыкIэ, Сэтэней сценэм къохьажь).

КЪАЛМЫКЪ Аднан.
(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **3.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артистхэ, Балъ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ я «Мадинэ» оперэм Мадинэ и ролыр япэу щызыIэзэщIу уэрэджьаIаIуэ щIэрыдIуэ. **8.** Урысей Федерацыи Къэбэрдей-Балъкъэрми щIыхь зиIэ я артист, Къэбэрдей-Балъкъэр Къэрал музыкэ театрым и уэрэджьIакIуэ пажэ. **9.** Адыгэ щIыхэр уэрэд. **10.** Адыгэ мазэщI. **11.** ЦIыхухэм я зэхуэщытыкIэн хуеймрэ я псэукIэмрэ теухуауэ ижь-ижьыжькIэ къадгъэуагурыкIуэ дуней тетыкIэ. **12.** Сабийхэр жэмым зэреджэ псалъэ. **13.** Куэдрэуэмэ, зи дамэр кIугъэ къуадлбзуущхуэ. **14.** Жэмар кIуэм щыдзхуэм, «ар къыдызагъэхьжынущ», жиIэу гъэзга унагъуэ псэущхьэ. **21.** МахуэщIэ. **22.** ГушIэрыкъэ зэрадгу щыта дыкIэ щхьэхуэ. **23.** Iуэху, Iущагъэ гуэрым IэкIуэлъакIуэ хуащI, кIэлъагъэпIэ, хурагъаджэ ныбжьыщIэ. **25.** Хабзэм кIеэзгъэ, мыхъумыщIагъэ зыхэмыльэ. **28.** Сосрыкъуэ къызыдэкIа мывэ. **30.** ПсынщIэу, хуабжьу еджэ псы. Ридадэ и зэманым а псалъэм «дзэ» («армэ») мыхьэнэ иIэт. **33.** Зы зэман гуэр, зэман мащIэ. **34.** Напэм, щIыфэм и теплъэ дахэ. **35.** Пасэм щыIа адыгэ къафэ псынщIэ. **36.** Гъэм и зэман. **37.** Борщ, бгъэзэщIэн хуей Iуэху. **38.** Урысей Федерацыи щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщIхьэ, усакIуэ цIэрыIуэ.

КъыкIуэ: **1.** Адыгэ мазэщI. **2.** Къэрымым, нэгъуей тэгэрхэм я унагъуэм щыщ щIыхуэм зэрыджэу щытар. **4.** Адыгэхэм тас, къуэгъан, сыт хуэдэхэр кIызыхащIыкIыу щыта гъущIыкIэ. **5.** ГъущI, щыгун, гъуаплъэ хуэдэхэм кIыхащIыкI уэздыжьынэщхъэ. **6.** ВакIуэ кIызэрихьэжам теухуауэ ящIу щыта махуэщхъэ. А махуэшхуэм и щIыхькIэ ящI нэщанэуэпIэми абыкIэ еджэрт. **7.** ЩакIуэхъэ. **15.** Адыгэ уэрэдыжь. **16.** Хадэжкl. **17.** Урысей Федерацыи Къэрэщей-Шэрджэсми я щIыхуб, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ я артист, уэрэджьIакIуэ щIэрыIуэ. **18.** Дар Аслъэнрэ Шинкубэ Бэгъэрэрэ я уэрэд. **19.** Аксыр Зэ Залимхьан и пьесэ. **20.** Тхьэ куэд зиIэ дин. Адыгэхэри зэгуэр абы итащ. **24.** КIуащ БетIал и поэмэ. **25.** СССР-м и Къэрал сауГъэтым и лауреат адыгэ генерал. **26.** Къалэ, къуажэ кIуэцIхэм я бгъумкIэ унэхэр къытету щызекIуэ гъуэгу. **27.** Дзыдзэ зэ лъэпкъым щыщ щырышхэ хьэкIэжхьуэкIэ мыин. **29.** Сэр илъу кIыгъэрыгъахьэкI Iэшэ шыпп. **30.** Ин, бжьыфIэ, дзгъэ, лъэщ. **31.** ЩIыпIэ хуабэхэм щIыхуэ, пшхыну гурыхь, Iэфl хадэхэкI ин. **32.** Мусльымэнхэм ягъэщащIэ тхьэхуэщIэ кIалэм. Нэху щыгъуэми абыкIэ йоджэ.

Зэхэзылъхьар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

Дыгъэгъазэм и 11-м ди газетым тетапсалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **5.** Бабыщ. **6.** Къургъакъ. **9.** Кlарц. **10.** ЖьанIэ. **13.** Тхьэгъу. **16.** Шопс. **17.** Лягъуп. **19.** Гуфгъэу. **21.** Бжей. **23.** Тхьэгъущ. **24.** Гулыпгъ. **25.** Къэлэр. **30.** Бздж. **31.** Иуан. **32.** Хьудыр. **33.** Уае. **36.** Балий. **37.** Бзийху. **39.** Пхъэпс. **41.** Хьэпс. **42.** Хьэлу. **44.** Жэпкъ. **45.** Арм. **46.** Дерт. **48.** Пщыпхъу. **50.** ПакIэ. **51.** Индыл. **52.** Амдэч.

Къехыу: **1.** Кьауп. **2.** Пыхьужь. **3.** Армэ. **4.** Сауг. **7.** Лъахъстэн. **8.** Хьэмбылу. **11.** Альп. **12.** Пыгу. **14.** Пощт. **15.** Деур. **18.** Гъуэгу. **20.** Бгъэ. **22.** ШыкъумцIий. **26.** Ибэ. **27.** КIакхъу. **28.** Гъудэ. **29.** Чей. **34.** Елисеев. **35.** ЛэпIанкIэ. **36.** Бжэн. **37.** Бел. **38.** Хуххъуэ. **40.** Самэ. **43.** Уэщ. **44.** Жэм. **47.** Танэ. **48.** Псыжь. **49.** Хъурмэ. **50.** Пхъэр.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкIэмыжьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Итэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхуэщ1ап1эхэм ядзэлажьэныжьмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ шкъмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; суРэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кIыщыхьа бжыгъэхэм, кIыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр эзтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пащ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрыкIыжу жуап екъ КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м

№Н-0065-м щIэту яхуащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъуэм елэжьахэщ: жуэап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщкI Соня, редактору Жылаэ Заурбэч, корректорхэу Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)* **ПхытIыкI Юрэ** *(1, 2-нэ нап.).* ***КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:*** **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, ГъукIэIл Рае,** ***суРэтхэм елэжьар*** **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзырац.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 10.125 ●Заказ №186